

**REGISTER RINGGIT TIYANG SRIWEDARI LAMPAHAN ‘ANOMAN
OBONG’**

SKRIPSI

Kaaturaken dhumateng Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah
Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran Anggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan



Dening :
Muhamad Al Ma Arif
NIM. 10205241077

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2014

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Register Ringgit Tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’*” menika sampun dipunsarujuki dening dosen pembimbing kangge dipunuji.



Pembimbing I



Prof. Dr. Endang Nurhayati M. Hum
NIP. 19571231 198303 2 004

Yogyakarta, Juni 2014
Pembimbing II

Avi Meilawati S. pd M.A
NIP. 198305022009122003

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan "*Register Ringgit Tiyang Sriwedari Lampahan Anoman Obong*" menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing tanggal 21 Juli 2014 saha dipuntetepaken lulus.

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Drs. Hardiyanto, M. Hum.	Ketua Penguji		19-8-2014
Avi Meilawati S.pd, M.A.	Sekretaris Penguji		20-8-2014
Prof. Dr. Suharti, M.Pd.	Penguji I		20-8-2014
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum	Penguji II		13-8-2014

Yogyakarta, Agustus 2014
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.

NIP. 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Muhamad Al Ma Arif**
NIM : 10205241077
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika asil panaliten kula piyambak. Samangertos kula, karya ilmiah menika boten ngandhut materi ingkang kaserat dening panaliti sanes, kejawi perangan tartamtu ingkang kula pendhet dados sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang limrah.

Seratan wonten ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukti bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 21 Juni 2014

Panyerat,



Muhamad Al Ma Arif

SESANTI

***“..... Sejatosisipun Allah mboten badhe ngewahi kahanan satunggaling kaum
menawi mboten kaum menika piyambak ingkang ngewahi.....”
(Surat Ar Ra’ad ayat 11)***

***Begja-begjane kang lali, luwih begja kang eling lawan waspada
(R. Ng. Ranggawarsita, Serat Kalathidha Pupuh Sinom)***

***Ndilalah kersaning Allah.
Gusti nuntun lampah kula
(Anonim)***

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur wonten ing ngarsanipun Gusti Allah S.W.T., awit saking sih nugrahanipun dadosaken panyerat saged nindakaken panaliten kanthi boten wonten alangan setunggal menapa. Panaliten menika panyerat damel minangka pisungsung dhumateng Bapak saha Ibu kula ingkang tansah paring pandonga, panjurung, panyengkuyung, pambiyantu sarta katresnan ingkang boten winates.

PRAWACANA

Puji syukur konjuk dhumateng ngarsanipun Allah S.W.T. ingkang sampun paring kasarasan, satemah panyerat saged mujudaken skripsi kanthi irah-irahan **“Register Ringgit Tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’** kanthi lancar boten wonten pepalang satunggal menapa. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar* sarjana pendidikan.

Skripsi menika saged kawujud awit panyengkuyung saking sedaya pihak wiwit purwa dumugi paripurnaning skripsi menika. Kanthi raos bombonging manah, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Prof. Dr. Zamzani M.Pd minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan kangge damel skripsi menika.
2. Dr. Suwardi, M. Hum., minangka pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idi kangge nglampahaken panaliten.
3. Prof. Dr Endang Nurhayati M.Hum, minangka Pembimbing I ingkang sampun paring bimbingan, wewarah, ilmu, saha panjurung kanthi wicaksana.
4. Ibu Avi Meilawati S.pd MA, minangka Pembimbing II ingkang tansah sabar suka pitedah dhumateng panyerat nalika nyerat skripsi menika.
5. Drs Hartanto Utomo, minangka Dosen Penasehat Akademik ingkang sampun paring nasehat saha wewarah ing sadangunipun kula wonten Jurusan Pendidikan Bahasa Jawa UNY menika.
6. Bapak saha Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit sedaya panggulawentahipun nalika kula kuliah wonten Jurusan Pendidikan Bahasa Jawa UNY menika.
7. Bapak Agus, minangka staf administrasi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit saking pambiyantu saha panyengkuyungipun dhateng kula nalika nyerat skripsi.
8. Kulawarga ageng bapak Saidi saha Mikem Partono ingkang boten nate kendhat paring panjurung, panyengkuyung saha donganipun.

9. KRT. Krisdiyanto, S.Sn ingkang tansah paring pitedah saha pambiyantu panaliten menika.
10. Kulawarga Ageng ibu Sudjiani Hadibawa ingkang tansah paring pambiyantu, matur nuwun awit saking panjurung, pangertosan, saha pambiyantunipun sampun dipunparingi wejangan saha semangat.
11. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Jawa 2010 awit saking panjurung saha pambiyantunipun.
12. Kanca-kanca kos, Iromejan Squad, Satya, Jaki, Purwoko, Ucup, Fajar, Danu, Panca, Mulyadi, Alfa, Rubi, Arif, Jhon, Heri saha kanca jaban rangkah ingkang boten saged kula sebataken setunggal baka setunggal, kula ngaturaken agenging panuwun awit saking panjurungipun.
13. Kanca-kanca KKN PPL UNY wonten ing SMIP Wiyasa Magelang Afif, Firman, Agung, Elizabeth, Adita Roberta, Nita awit saking panjurungipun.
14. Sedaya pihak ingkang sampun paring pambiyantu saengga skripsi menika saged paripurna ingkang boten saged dipunsebutaken sedaya.

Panyerat rumaos bilih skripsi menika taksih tebih saking kasampurnan, pramila panyaruwe saha pamrayogi saking sedayanipun tansah katampi kanthi suka renaning penggalih. Ing wasana, kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajab mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap sedayanipun.

Yogyakarta, Juni 2014

Panyerat,

Muhamad Al Ma Arif

DAFTAR ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN.....	i
PASARUJUKAN.....	ii
PENGESAHAN.....	iii
WEDHARAN	vi
SESANTI.....	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
DAFTAR ISI.....	ix
SARINING PANALITEN	xi
BAB I PURWAKA.....	1
A. Dhasaring Panaliten.....	1
B. Underaning Prakawis	3
C. Watesaning Prakawis	4
D. Wosing Prakawis.....	4
E. Ancasing Panaliten.....	5
F. Paedahing Panaliten	5
G. Pangertosan	6
BAB II GEGARAN TEORI	7
A. Sociolinguistik	7
B. Variasi Basa	11
C. Register	17
D. Paedah Register	26
E. Nilai.....	28
F. Ringgit.....	34
G. Ringgit Tiyang Sriwedari	42
H. Panaliten Ingkang Jumbuh	44
I. Nalaring panaliten.....	47

BAB III CARA PANALITEN.....	47
A. Jinising Panaliten	47
B. Subyek saha obyek Panaliten	47
C. Cara Ngempalaken <i>data</i>	48
D. Pirantining Panaliten	48
E. Cara Nganalisis <i>data</i>	49
F. <i>Validitas saha reabilitas data</i>	49
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAGAN	51
A. Asiling Panaliten	51
B. Pirembagan	57
1. janturan	57
2. kandha janturan	61
3. carita	63
4. ada-ada.....	65
5. suluk	69
6. pathetan	71
7. sasmitha gendhing.....	73
8. sasmitha dhalang.....	74
9. ginem	75
10. kombangan.....	77
BAB V PANUTUP.....	79
A. Dudutan	79
B. <i>Implikasi</i>	80
C. Pamrayogi.....	80
KAPUSTAKAN.....	82
LAMPIRAN.....	85

REGISTER RINGGIT TIYANG SRIWEDARI LAMPAHAN ‘ANOMAN OBONG’

dening
Muhamad Al Ma Arif
NIM 10205241077

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken (1) register ingkang wonten ing ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’ (2) ancas saking panganggening register menika wonten ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’ (3) nilai ingkang kawrat wonten ing register wayang wong Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*, inggih menika panaliten ingkang ngasilaken *data deskriptif* arupi tetembungan ingkang dipunserat utawi lisan saking tindak tanduk tiyang ingkang dipunamati. Register menika dipunwatesi wonten ing register pocapan kemawon. Cara ngempalaken *data* migunakaken teknik nyimak saha *transkripsi*. Tegesipun pocapan menika dipunmirengaken wongsal wangsul lajeng dipunserat babagan *registeripun*. *Uji validitas* wonten ing panaliten migunakaken pertimbangan para ahli (*expert judgement*), dene *uji reabilitas* migunakaken *reabilitas interrater*.

Asiling panaliten wonten 10 *register*, janturan, kandha janturan, carita, suluk, ada-ada, pathetan, sasmitha gending, sasmitha dhalang, ginem, kombangan. Saben register menika gadhah ancas ingkang beda-beda. Janturan menika kangge ngandharaken jejer sepisan. Kandha janturan kangge ngandharaken jejer saklajengipun kanthi gamelan. Carita menika ngandharaken jejer ingkang wonten mboten dipuniringi gamelan. Ada-ada menika ngandharaken kahanan ingkang *semangat*. Suluk menika ngandharaken kahanan tintrim, Pathet menika kangge gantosing pathet utawi swasana. Sasmita gendhing kangge tandha kangge niyaga kedah nyekaraken satunggaling lagon. sasmita dhalang menika tandha kangge niyaga kangge ancas tartamtu. Ginem menika kangge langkung ngandharaken carios ingkang wonten. Kombangan menika kangge langkung ngresepaken swasana saha tandha gamelan kedah ngelik. Nilai ingkang wonten inggih menika nilai budaya, nilai moral saha nilai estetika.

Pamijining tembung: register, ringgit tiyang Sriwedari, lampahan ‘Anoman Obong’.

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring panaliten

Ringgit tiyang inggih menika salah satunggaling jinising ringgit. Saksanesipun ringgit tiyang ugi wonten ringgit beber, ringgit golek, ringgit potehi lan sapanunggilipun. Ringgit tiyang saged dipunpanggihaken ing kathah laladan Jawa Tengah, Yogyakarta saha ing Jawa Timur ananging ingkang ngrembaka inggih menika wonten laladan Ngayogyakarta saha Surakarta (Soedarsono, 1990 : 1-2).

Ringgit wacucal kadamel saking wacucal, menawi ringgit tiyang menika paranipun tiyang utawi manungsa. Tiyang utawi manungsa migunakaken sandhangan ringgit dados dipunsebat ringgit tiyang. Perkawis menika ingkang mbedakaken ringgit tiyang kaliyan ringgit wacucal. Menika ugi ingkang bedakaken dhalang ringgit tiyang kaliyan ringgit wacucal. Wonten ringgit tiyang dhalang menika namung kangge juru carios (Soedarsono, 2000 : 62).

Pocapan-pocapan dhalang ringgit tiyang migunakaken basa ingkang mligi utawi khas ingkang boten sedaya tiyang saged mangertos. Panganggening basa ingkang mligi menika pangajab dadosaken ringgit tiyang menika langkung sae saha estetis, amargi migunakaken basa ingkang sanes utawi khas. Basa ingkang khas saha boten sedaya tiyang mangertos menika dipunsebat *register*.

Register inggih menika variasi basa ingkang khas awit saking bedanipun pakaryan saha ancas saking panganggening basa (Chaer, 2004 : 69). Wonten ringgit tiyang gadhah maneka warna *register*. Tuladhanipun babagan pacelathoning dhalang

saha paraga, antawisipun wonten kandha, carita, janturan, sulukan, sasmita dhalang, sasmita gendhing. Kajawi menika ugi wonten *register* ingkang babagan busana paraga saha babagan pentas utawi *properti*. *Register* babagan busana kadosta wonten kuluk, sampur, gelang, lan sapanunggilipun. *Register* ingkang babagan pentas utawi *properti*, tuladhanipun kelir, lampu, gapura, kraton lan sapanunggilipun.

Pangangening *register* ringgit tiyang ing inggil saged dipunpirsani ing ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’. Panaliti mendhet ringgit tiyang Sriwedari amargi grup ringgit tiyang menika salah satunggaling grup ringgit tiyang ingkang taksih *eksis* wonten ing Surakarta. Pagelaranipun dipun adani saben dinten kanthi lakon ingkang beda. Kajawi menika pamilihing carios lampahan ‘Anoman Obong’ amargi paraga wonten ing carios menika langkung maneka warna.

Lampahan ‘Anoman Obong’ nyariosaken nalika Anoman dipunutus dening Sri Ramawijaya dhateng ing Alengka. Anoman dipunutus supados mangertosi kahanan Dewi Shinta ingkang kacidra dening Raja Rahwana. Nalika ing nagari Alengka, Anoman saged kapikut dening prajurit Alengka saklajengipun dipunukum obong. Menika cekaking carios saking lampahan ‘Anoman Obong’.

Saking carios ing inggil, mratelakaken menawi lampahan menika kalebet carios Ramayana, ingkang nyariosaken yudanipun Sri Ramawijaya kaliyan Rahwana. Wonten carios menika paraganipun boten namung manungsa, ugi wonten raseksa, rewanda (munyuk) menika ndadosaken *register* ingkang kaginakaken ugi langkung kathah. Dipunajab *register* ingkang kathah menika ndadosaken panaliten menika langkung sae saha saged mupangati kangge bebrayan ageng Basa Jawi.

B. Underaning Perkawis

Saking dhasaring panaliten ing nginggil, saged dipunpendhet underaning perkawis ing antawisipun :

1. ringgit tiyang salah satunggaling jinising ringgit ingkang ngrembaka ing laladan Ngayogyakarta lan Surakarta;
2. ringgit tiyang katindakaken dening tiyang, menika ingkang ndadosaken ringgit tiyang gadhah basa ingkang khas utawi kasebat *register*;
3. wujud *register* ingkang wonten ing ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’;
4. ancas saking *register* wonten ing ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’;
5. wosing gati saking *register* ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’;
6. *nilai* ingkang wonten ing *register* ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’;
7. lampahan ‘Anoman Obong’ minangka lampahan Ramayana nggadhahi kathah paraga ingkang awujud sanes manungsa, kadasta rewanda saha raseksa

C. Watesaning perkawis

Wonten ing panaliten menika, panaliti boten badhe naliti sedaya perkawis. Panaliti badhe suka watesan perkawis ingkang badhe dipunteliti. Watesan menika kangge langkung fokus panaliti anggenipun naliti. Watesan menika antawisipun :

1. wujud *register* ingkang wonten ing ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’;
2. ancas saking panganggening *register* wonten ing ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’;
3. *nilai* ingkang kawrat ing register ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’.

D. Wosing Perkawis

Saking watesan ing inggil, saged dipunpendhet rumusan perkawisipun inggih menika:

1. kados pundi wujud *register* ingkang wonten ing ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’?
2. menapa ancas saking panganggening *register* wonten ing ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’?
3. menapa *nilai* ingkang kawrat ing register ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’?

E. Ancasing Panaliten

Ancasing panaliten menika antawisipun :

1. ngandharaken wujud *register* ingkang wonten ing ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’;
2. ngandharaken ancas panganggening *register* nalika pagelaran ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’;

3. ngandharaken *nilai* ingkang kawrat ing register ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’.

F. Paedah panaliten

Paedah saking panaliten menika saged kaperang dados :

1. kangge guru basa Jawi asiling panaliten menika saged katata dados materi wucalan basa jawi ing sekolah, mliginipun babagan register ingkang gayut kaliyan ringgit;
2. kangge mahasiswa ingkang badhe panaliten babagan ringgit tiyang, menika saged dados pandom anggenipun badhe naliti. Ugi saged manggihaken perkawis ingkang dereng dipuntaliti ing panaliten menika;
3. kangge *masyarakat umum*, lumantar panaliten dipunajab saged langkung ngenalaken ringgit tiyang ingkang tundhanipun sesarengan nglestantunaken ringgit tiyang menika.

G. Pangertosan

1. *Register* inggih menika variasi basa ingkang khas awit saking bedanipun pakaryan saha ancas saking panganggening basa (Chaer, 2004 : 69).
2. Nilai inggih menika nilai menika sipat utawi kualitas saking salah satunggaling perkawis ingkang mupangati kangge pagesanganing manungsa. Kangge manungsa menika, nilai saged kangge dhasar utawi *motivasi* nalika tindak tanduk, *sadar* utawi mboten sadar (Darmodiharjo, 2010 : 232).

3. Ringgit menika tegesipun wayang (Poerwadarminto, 1939 : 530). Wayang menika kadadosan saking tembung 'wayang' saha 'wong'. 'wayang' menika tegesipun 'bayang', saha 'wong' menika 'manungsa' (Haryanto, 1988 : 78). Dados ringgit tiyang menika ringgit ingkang dipunpentasaken dening manungsa. Carios ringgit tiyang mboten beda kaliyan ringgit kulit, bedanipun paraga kapentasaken dening manungsa ingkang ngagem busana kados ringgit.
4. Lakon 'Anoman Obong' menika lampahan ingkang dipunpendhet saking serat Ramayana. Menika nyariosaken Anoman minangka dutanipun Prabu Rama ingkang dipunobong wonten ing alun-alun Alengka amargi sampun wanton mlebet ing taman Argasoka saha manggihi Dewi Shinta.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Sociolinguistik

Basa minangka alat *komunikasi* menika saged dipunkaji dados kalih perkawis, inggih menika kajian *internal* saha kajian *eksternal* (Nababan, 1991 : 2). Kajian *Internal* basa ingkang dipunrembag inggih menika babagan struktur *internalipun*, kadosta *fonologis*, *morfologis* saha *sintaksis*. Kajian internal basa menika ngasilaken *perian* basa ingkang boten wonten gayutipun kaliyan perkawis ing njawining basa, dados namung babagan basa kemawon.

Kajian *eksternal* menika ngrembag basa kanthi nggayutaken basa kaliyan bab ingkang wonten ing sakjawining basa utawi panggangening basa ing bebrayan ageng. Kajian eksternal menika mbetahaken bidang ngelmu ingkang sanes ingkang gayut kaliyan basa, tuladhanipun *sosiologi*, *psikologi* saha *antropologi*.

Cabang ilmu menika dipungayutaken lajeng dados disiplin ngelmu ingkang enggal, sosiologi kaliyan *linguistik* dados *sociolinguistik*, *psikologi* kaliyan *inguistik* dados *psikolinguistik*, *antropologi* kaliyan *linguistik* dados *antropolinguistik*. *Cabang* ngelmu enggal menika boten namung asipat ngasilaken *teoritis*, ananging ugi asipat *terapan*. Perkawis menika saged dipunginakaken ngrampungni perkawis-perkawis ingkang wonten ing bebrayan ageng. Salah satunggaling bidang ngelmu gabungan ingkang badhe dipunrembag inggih menika *sociolinguistik*.

Sosiolinguistik cabang ilmu ingkang kadadosan saking *sosiologi* saha *linguistik*. *Sosiolinguistik* beda kaliyan *sosiologi* basa, menawi *sosiolinguistik* menika kalebet ilmu *linguistik*, ananging menawi *sosiologi* basa menika kalebet ilmu *sosiologi* (Chaer, 2004 : 4). Kangge langkung mangertos babagan *sosiolinguistik*, kedahipun mangertos rumiyin menapa menika *sosiologi* saha *linguistik*.

Pitirim Sorokin (Marimbi, 2009 : 4) ngandharaken *sosiologi* inggih menika ngelmu ingkang ngrembag babagan sesambetan saha *pengaruh timbal balik* maneka warna *gejala sosial*.. *Sosiologi* kalebet ilmu *kemasyarakatan* ingkang murni, *abstrak*, saha ngandharaken pangertosan-pangertosan ingkang umum, *rasional* saha *empiris*.

Sosiologi menika ngelmu ingkang kajianipun *obyektif* saha *ilmiah* babagan manungsa wonten bebrayan ageng gayut, kaliyan lembaga masyarakat saha ewah-ewahan wonten masyarakat. *Linguistik* inggih menika ngelmu ingkang nggladhi babagan basa, utawi ilmu ingkang obyekipun babagan basa (Abdul Chaer, 2004 : 2). Saking kalih disiplin ilmu ing nginggil *dipungabung* dados *sosiolinguistik*.

Definisi saking *sosiolinguistik* ingkang jangkep kaandharaken Kridalaksana (Pateda, 1987 : 2) *sosiolinguistik* inggih menika cabang *linguistik* ingkang ngandharaken titikan variasi basa saha netepaken titikaning variasi gayut kaliyan kahanan *sosial*. Miturut pamanggih menika, *sosiolinguistik* minangka salah satunggaling *cabang linguistik* ingkang ngrembag babagan kahanan *sosial* salah satunggaling tiyang kanthi netepaken titikaning variasi basanipun.

Definisi sosiolinguistik ugi kaandharaken C. Criper saha H.G Widdowson (Pateda, 1987 : 2) *sociolinguistics is the study of language in operation, its purpose is to*

investigate how the convensions of language use relate to the others aspect of social behaviour (*sosiolinguistik* inggih menika *studi* basa ingkang gadhah ancas ngrembag kados pundi *konvensi* utawi gayutipun basa kaliyan aspek sanes saking tindak tanduk sosialipun). *Sosiolinguistik* menika madosi kados pundi gayutipun basa ingkang dipunginakaken manut kaliyan status sosialipun. Amargi saben tiyang menika mesthi migunakaken basa manut kaliyan status sosialipun.

Miturut pamanggihipun Abdul Chaer (2004 : 2) *sosiolinguistik* inggih menika ngelmu antardisiplin ingkang nggladhi babagan panganggening basa gayut kaliyan kahanan bebrayan ageng. Kanthi *sosiolinguistik* menika dipunajab saged mangertosi babagan basa ing bebrayan ageng, mliginipun babagan basa ingkang beda (variasi basa) ingkang gayut kaliyan kahanan sosial. Miturut Chaer menika, boten namung basanipun ingkang dipungladhi, ananging ugi panganggening variasi basa menika.

Sami kaliyan Abdul Chaer, Nababan ugi ngandharaken definisi *sosiolinguistik* inggih menika *studi* utawi ilmu ingkang nggladhi babagan basa ingkang kaginakaken tiyang gayut kaliyan status *sosialipun*. Ragam basa menika boten namung dados titikan bedakaken status sosialipun, namung ugi dados *indikator* ingkang nuduhaken ancas, topik, paugeran-paugeran lan modus panganggening basa (Nababan, 1991 : 2).

Pamanggih sanes ugi dipunandharaken dening Ralph Fasol (2003 : 2) *sociolinguistics as is well known, is a science that combines linguistic and societal concerns in varying degrees* (*Sosiolinguistik* inggih menika *kombinasi* saking kalih ngelmu, inggih menika *linguistik* saha *sosial* ingkang nggladhi babagan *strata sosial*

ing bebrayan ageng). Miturut Ralph Fasol, *sociolinguistik* menika ngrembag babagan basa ingkang dipunginakaken gayut kaliyan strata *sosial* ing bebrayan ageng.

Ruang lingkupipun babagan panganggening basa wonten konteks *sosial*. ‘Bab ingkang karembag wonten *sociolinguistik* inggih menika basa wonten *konteks sosial* lan budaya, titikan, ancas, pengarep, saha werninipun ingkang kababar wonten : basa, *dialek*, *idiolek*, *ragam*, *register*, saha *tingkat tutur*’ (Nurhayati, 2009 : 4). Perkawis ingkang dipuntaliti dening *sociolinguistik* menika babagan variasi basa ingkang wonten ing bebrayan ageng manut kaliyan status sosialipun. Ingkang kalebet ing perangan menika antawisipun *basa*, *dialek*, *ragam*, *register*, saha *tingkat tutur*.

Saking andharan pamanggih ing inggil, saged dipunpendhet dudutanipun, menawi pamanggihipun Kridhalaksana saha C. Criper saha H.G Widdowson menika namung babagan *variasi* basa ing bebrayan ageng, ananging menawi Abdul Chaer saha Nababan menika boten namung variasi basa ingkang wonten, ugi panganggening variasi basa menika ingkang dipunrembag.

Dudutan ingkang jangkep *sociolinguistik* inggih menika salah satunggaling cabang ilmu *linguistik* ingkang nggladhi babagan *variasi* basa ingkang dipunginakaken penutur gayut kaliyan kahanan sosialipun. *Sociolinguistik* dados pancadan utawi dhasar ilmu ingkang badhe dipunginakaken ing panaliten menika. *Ruang lingkup* saking *sociolinguistik* inggih menika : basa, *dialek*, *idiolek*, *ragam*, *register*, saha *tingkat tutur*.

B. Variasi Basa

Variasi basa inggih menika panganggening basa ingkang beda manut kaliyan manungsa ingkang *homogen* saha srawung ingkang maneka warna. Menika dadosaken basa ingkang beda, menapa malih menawi ingkang ngginakaken basa menika kathah, tartamtu variasinipun langkung kathah.

Wonten maneka warna *variasi* basa ingkang sampun kaperang dening para ahli, salah satunggilipun inggih menika miturut pamanggihipun Abdul Chaer ingkang merang *variasi* basa dados 3 perangan *variasi* (Chaer, 2004 : 63-72) : variasi saking ingkang nuturaken, *variasi* saking ingkang ngginakaken, variasi saking *keformalanipun*. Perkawis menika badhe langkung dipunandharaken ing ngandhap :

1. Variasi saking ingkang nuturaken

Variasi basa saking ingkang nuturaken inggih menika panggening basa ingkang beda manut kaliyan ingkang nuturaken. Perkawis menika taksih kaperang malih dados 8 bab, inggih menika :

a. Idiolek

Idiolek inggih menika *variasi* basa ingkang asipat *individu*. Miturut konsep idiolek, saben tiyang gadhah variasi basa ingkang beda. *Variasi* basa menika beda amargi ‘warna’ swara, pamilihing tembung, gaya basa, tata ukara saha sapanunggilipun. Ananging ingkang langkung *dominan* inggih menika ‘warna’ swanten, Menika ingkang ndadosaken swanten setunggal tiyang beda kaliyan setunggalipun.

b. *Dialek*

Dialek inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening sakelompok tiyang ing satunggaling laladan tartamtu, awit saking menika asring dipunsebat *dialek areal*, *dialek regional* utawi *dialek geografi*. Tiyang ingkang ngginakaken *dialek* menika gadhah bedanipun ananging taksih saged dipuntitiki bilih menika taksih setunggal *dialek*. Tuladhanipun *dialek* tiyang Banyumas, tiyang Jogja utawi Solo kaliyan tiyang Surabaya. Menika taksih saged mangertosi satunggal-setunggalipun amargi taksih dados setunggal basa inggih menika basa Jawa.

c. *Kronolek utawi Dialek Temporal*

Variasi basa ingkang kaginakaken tiyang wonten ing salah satunggaling masa utawi warsa tartamtu. Tuladhanipun basa ingkang dipunginakaken sakmenika kaliyan ingkang biyen tamtu beda.

d. *Sosiolek utawi dialek sosial*

Variasi basa ingkang gayut kaliyan *status*, golongan saha *kelas sosial* ingkang ngginakaken. Menika *variasi* basa ingkang langkung kathah dados bahan panaliten amargi menika gayut kaliyan pribadi tiyang ingkang ngginakaken kadosta yuswa, pendidikan, *seks*, pakaryan, *kebangsaan*, *ekonomi* lsp. Perkawis menika kaperang maleh dados 8 perangan, inggih menika : *akrolek*, *basilek*, *vulgar*, *slang*, *kolokial*, *jargon*, *argot*, saha *ken*. Kangge langkung mangertosi babagan menika badhe dipunrembag ing ngandhap menika :

1). *Akrolek*

Akrolek inggih menika variasi *sosial* ingkang dipunanggep langkung inggil saking *variasi sosial* ingkang sanes. Tuladhanipun *dialek* Jakarta dipunanggep langkung inggil saking dialek desa. Tiyang ingkang pangandikan migunakaken *dialek* Jakarta langkung dipunanggep langkung inggil menawi dipuntandhingaken kaliyan tiyang ingkang migunakaken *dialek* desa. Menika amargi *dialek* Jakarta dipunanggep langkung gaul saha langkung ngetingalaken status sosialipun.

2). *Basilek*

Basilek inggih menika variasi *sosial* ingkal dipunaangep langkung andhap saking ingkang sanes. Tuladhanipun basa krama desa menika kaangep langkung andhap menawi dipuntandhingaken kaliyan *dialek* Jakarta. Tuladha sanesipun inggih menika basa Jawa Banyumasan dipunanggep langkung andhap menawi dipuntandhingaken kaliyan basa Jawa Yogyakarta utawi Surakarta. Perkawis menika saged dipuntingali wonten ing basa padintenan para *mahasiswa* ing jurusan Pendidikan Basa Jawa UNY.

3). *Vulgar*

Vulgar inggih menika variasi basa ingkang dipunginakaken dening tiyang ingkang kirang babagan pendhidhikanipun. Menika dadosaken basa ingkang kaginakaken langkung terang boten wonten tedheng aling-alingipun.

Perkawis menika beda kaliyan tiyang ingkang blaka. Menawi blaka menika ngendikan ingkang sami kalian kasunyatan ananging taksih migunakaken tata karma, ananging menawi *vulgar* boten migunakaken tata karma. Tuladhanipun basa ingkang

dipunginakaken dening para sopir saha tiyang ingkang pakaryanipun ing dalan. Tiyang menika menawi ngendikan ugi boten tedheng aling-aling, ananging ugi kirang ing tata kramanipun.

4). *Slang*

Slang inggih menika basa ingkang asipat mligi saha wingit. Tegesipun variasi basa menika dipunginakaken dening saperangan kelompok tartamtu saha boten kepareng kengerten dening tiyang sanes. Perkawis menika saged ingkang wujud sandi saha padatan dipunginakaken dening satunggaling kelompok organisasi. Tuladhanipun ing *organisasi polisi* menika gadhah sandi-sandi tartamtu menawi saweg ngleksanakaken pakaryan.

5). *Kolokial*

Kolokial inggih menika variasi basa ingkang padatan kaginakaken padintenan. *Kolokial* menika sejatosipun tetembungan ingkang dipunsigeg utawi dipun *singkat*. Tetembungan dipunsigeg gadhah ancas supados menawi ngocapaken menika langkung sekeco saha langkung gampil. Tuladhanipun ing basa Indonesia inggih menika *dok (dokter)*, *prof (professor)*, *let (letnan)* lan sapanunggilipun.

6). *Jargon*

Jargon inggih menika variasi basa ingkang dipunginakaken dening masyarakat tartamtu ananging boten asipat mligi. Kathah tiyang ingkang asring mirengaken tetembungan menika, ananging boten sedaya tiyang mangertosi teges saking tembung menika. Tuladhanipun *roda gila*, *dibalans*, *didongkrak* lan sapanunggilipun.

7). *Argot*

Argot inggih menika variasi basa ingkang kaginakaken dening pakaryan tartamtu saha asipat singit. Ingkang mbedakaken kaliyan *jargon* inggih menika menawi *jargon* menika adhedasar masyarakat, menawi *argot* menika adhedasar pakaryanipun. Tuladhanipun ing pakaryan kecu, menika wonten tetembungan ‘*barang*’ tegesipun ‘*mangsa utawi korban*’, lajeng ‘*kacamata*’ tegesipun ‘*polisi*’ lan sapanunggilipun.

8). *Ken*

Ken inggih menika variasi basa ingkang gadhah nada memelas kangge ancas supados tiyang ingkang mirengaken menika gadhah raos mesakne utawi boten tega. Asringipun basa menika kaginakaen dening tiyang ingkang jaluk-jaluk (*pengemis*).

2. *Variasi basa saking ancas panganggening basa*

Variasi basa ingkang gayut kaliyang ingkang ngginakaken utawi ancasipun dipunsebat *fungsiolak*, ragam, utawi *register*. *Variasi* basa miturut ingkang ngginakaken menika adhedhasar bidang pakaryan menapa ingkang wonten. Tuladhanipun, menawi sastra tamtu ngginakaken basa ingkang endah, dawa saha boten blaka utawi *basa-basi*. Menawi ing *militer* tartamtu migunakaken basa parentah ingkang *lugas*, cepet, *singkat*.

Variasi basa ingkang khas saha adhedasar ancas menika ingkang kasebat *register*. Menika gayut kaliyan paraga, papan, saha wayah basa menika dipunginakaken.

3. **Variasi basa saking keformalanipun**

Martin Joos (Chaer, 2004 : 70) wonten bukunipun merang basa dados 5 ingkang adhedasar perangan *Inggris Style*, inggih menika *ragam beku*, *ragam resmi*, *ragam usaha*, *ragam santai*, saha *ragam akrab*.

a. **Ragam beku (frozen)**

Ragam beku menika ragam ingkang langkung *formal*, dipunginakaken wonten ing adicara ingkang *khidmat*, saha upacara resmi. Tuladhanipun wonten ing *Pembukaan Undang-Undang Dasar 1945*. Titikanipun wonten tetembungan *bahwa*, *maka*, *hatta*, *sesungguhnya*, lan sapanunggilipun.

b. **Ragam resmi utawi formal**

Ragam resmi utawi *formal* menika dipunginakaken ing serat *dinas*, *pidato kenegaraan*, lsp. Basa menika padatanipun dipunginakaken ing pamarintahan utawi ing *institusi*. Menika dadosaken basa menika langkung asring dipunpanggihaken ing padintenan.

c. **Ragam usaha utawi konsultatif**

Ragam usaha utawi *konsultatif* inggih menika variasi basa ingkang kaginakaken wonten sesrawungan ing sekolah, *rapat* ingkang nengenaken asiling sesrawungan. Ragam menika ingkang kathah dipunginakaken ing padintenan.

d. **Ragam santai utawi ragam kasual**

Ragam santai utawi *kasual* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken ing pacelathon kulawarga utawa kanca nalika santai. Ragam santai menika kathah ngginakaken bentuk *allegro*, inggih menika wujud ingkang cekak. Perkawis menika

ugi *struktur morfologi* saha *struktur sintaksisipun*, menika boten ngginakaken *struktur ingkang baku*.

e. *Ragam basa intim utawi akrab.*

Ragam basa intim utawi akrab menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening tiyang ingkang sampun wanuh utawi kenal. Menika padatanipun dipunginakaken dening tiyang ingkang sampun tepang utawi wanuh. Dados anggenipun sesrawungan ugi langkung sekeco.

Saking andharan ing inggil, *register* ingkang badhe dipunrembag menika kalebet *variasi* basa saking ancas pangangening basa. Inggih menika *variasi* basa ingkang gayut kaliyan ancas basa menika dipunginakaken. *Register* boten saged dipunpanggihaken ing sedaya pakaryan, ananging namung ing pakaryan tartamtu. Menika manut kaliyan ancas ingkang dipunangkah saking tiyang ingkang migunakaken *register* menika.

C. *Register*

Miturut Janet Holmes (1992 : 278) '*register*' *is describe the specific vocabulary associated with different occupational group* (register inggih menika tetembungan ingkang gayut kaliyan pakaryan ingkang sanes). Saking pamanggih menika register inggih menika tetembungan ingkang gayut kaliyan pakaryan sanes. Saben pakaryan tartamtu beda saha mbetahaken basa ingkang beda kangge langkung nedahaken pakaryan menika.

Pamanggih menika dipunsengkuyung saking Chaer ingkang ngandharaken register inggih menika *variasi* basa ingkang adhedasar ancas menika ingkang kasebat

register (Chaer, 2004 : 69). *Register* menika gayut kaliyan babagan menapa basa menika kaginakaken. *Register* asring dipungayutaken kaliyan *dialek*, ananging sejatosipun beda. Satunggal tiyang kadhang kala namung gadhah setunggal *dialek*, ananging menawi *register* menika tartamtu gadhah maneka warna jumbuh kaliyan padamelanipun.

Pateda ugi ngandharaken pamanggih ingkang sami kaliyan Chaer babagan *register*. *Register* inggih menika panganggening basa ingkang gayut kaliyan pakaryanipun (Pateda, 1987 : 64). *Variasi* basa ingkang mekaten asipat khas, dados mboten sedaya tiyang saged mangertos babagan *variasi* basa menika. Taksih miturut Pateda, *register* menika saged dipunperang maleh dados *oratorical*, *deliberative*, *consultative*, *casual*, saha *intimate* (Pateda, 1987 : 65).

Register *oratorical* utawi *frozen* inggih menika dipunginakaken kangge pambiyawara ingkang *professional*, dados saged narik kawigatosan saking ingkang mirengaken. *Register* *deliberative* utawi *formal* dipunginakaken kangge langkung wiyaraken *topik* pacelathon. *Register* *consultative* kadadosan wonten kahanan dol tinuku, ingkang mbetahaken pasarujukan saking kalih tiyang. *Register* *casual* inggih menika dipunginakaken kangge ngilangaken rintangan nalika pacelathon. Ingkang pungkasan *register* *intimate* menika dipunginakaken ing kahanan ingkang sampun raket utawi wanuh (*akrab*). Andharan ing inggil menika perangan *register* ingkang dipunandharaken dening Pateda.

Pamanggih sanes dipunandharaken dening Hartman saha Stork (wonten Nababan, 1991 : 63) :

register is a variety in language used for a specific purpose, as opposed to a social or regional dialect (which varies by speakers). Registers may be more narrowly defined by reference to subject matter (FIELD OF DISCOURSE, e.g. the jargon of fishing, gambling, etc.), to medium, (MODE OF DISCOURSE, e.g. printed material, written letter, message on tape etc.), or to level of formality (MANNER OF DISCOURSE, e.g. formal, casual, intimate, etc.).

Pamanggih ing nginggil langkung awrat dipunmangertosi, saged dipunpendhet dudutan inggih menika salah satunggaling ragam basa ingkang dipunginakaken kangge ancas tartamtu, ananging sanes dialek sosial utawi regional. (*Variasi* amargi ingkang ngocapaken).

Register saged dipunwatesi sempit kanthi paugeran wosing pocapan (wosing pacelathon tuladhanipun tembung mancing, main, lan sapanunggilipun). Wonten media (modus wacana tuladhanipun bahan cetakan, seratan, amanat wonten tape, lan sapanunggilipun), utawi wonten tataran formalipun (tingkah wacana, kadasta *formal*, biasa, *intim*, lan sapanunggilipun).

Saking andharan para ahli ing inggil, saged dipunpendhet dudutanipun, register inggih menika variasi basa, awujud tembung ingkang kadadosan saking pakaryan ingkang sanes saha asipat khas awit *register* ugi dados titikan utawi dados tandha saking pakaryaning tiyang sanes. Manut kaliyan pamanggihipun ing inggil, *register* menika panggagening basa gayut kaliyan ingkang ngginakaken saha kajumbuhaken kaliyan paraga, papan saha wayah. Paraga ingkang sanes-sanesipun tartamtu beda anggenipun ngagem basa saha manut kaliyan kabetahan.

Register wonten ing basa menika amargi 2 perkawis, inggih menika (1) wonten awit saking kabetahan sesarengan ananging boten wonten gayutipun kaliyan

pakaryan, (2) wonten awit saking pakaryan ingkang sami. Menawi dipuntingali saking kalih perangan menika, register wonten ing ringgit tiyang menika kalebet ingkang perangan kalih, inggih menika awit saking pakaryan ingkang sami (journal.unnes.ac.id).

Register minangka variasi basa menika gadhah titikan ingkang mbedakaken kaliyan basa sanes, antawisipun : (1) *variasi* basa ingkang adhedasar sinten ingkang ngginakaken saha ancas saking panganggening *register* menika, (2) ngetingalaken wontenipun proses *sosial* saking ingkang ngginakaen *variasi* basa utawi *register* menika (<http://susannoettel.wordpress.com/2013/06/12/variasi-sosial-penggunaan-bahasa-register/>)

Register minangka *aspek kebahasaan* utawi gaya tutur menika gadhah 3 variabel inggih menika *medan (field)*, *pelibat (tenor)*, saha *sarana (mode)*. *Medan (field)* menika nedahaken menapa ingkang sampun kadadosan, sipat saking proses sosial saha kados pundi *partisipanipun*. Perangan *medan* menika kalebet wayah, papan, kados pundi pacelathon menika dipunadani. Perkawis menika ingkang mangaribawani *register* ingkang kedah dipunginakaken.

Inggang kaping kalih inggih menika *pelibat (tenor)*, menika nedahaken sinten ingkang wonten nalika kejadian sosial menika kadadosan. Kalebet sipat saking partisipan saha status saking partisipan. Partisipan ingkang status sosialipun ingil tartamtu ugi migunakaken *register* ingkang saged kangge ngetingalaken status sosialipun.

Aspek pelibat ugi taksih dipunperang dados 3, inggih menika *afek*, *status*, saha *kontak*. *Afek* inggih menika *penilaian* (*assement*, *evaluation*, saha *judgement*). Status inggih menika ngrembag babagan *status sosial* partisipan. Ingkang pungkasan inggih menika kontak, menika sedaya pangandikan saged dipunmangertosi dening partisipan menapa mboten.

Ingkang 3 inggih menika sarana inggih menika ancas menapa ingkang dipunangkah saking panganggening basa menika, menapa *persuasive*, *ekspositori* utawi *didaktis*. Kajawi menika ugi dipuntaliti medium menapa ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken basa, menapa medium *lisan*, *audio*, *audio visual*, menika ugi dipunrembag wonten ing perangan sarana menika (<http://susannoettel.wordpress.com/2013/06/12/variasi-sosial-penggunaan-bahasa-register/>).

Miturut Nurhayati, wonten ing ringgit menika dipunpanggihaken wonten register ingkang verbal, antawisipun wonten janturan, kandha janturan, kandha carita utawi carita, suluk kombangan, suluk, ada-ada, kawin, lagon, sasmitha gendhing, sasmitha dhalang, sindhenan, gerongan, senggakan, antawacana / ginem, mantra saha sanggit (Nurhayati, 2009 : 106-121).

Register ingkang adhedasar non verbal pakeliran menika wonten grimingan, gembyongan, pathet, keprakan, sabetan, sunggingan, jejer, perang, simpingan, lampahan, pakem lampahan, pakem carangan, sajen, dhalang, niyaga, waranggana, wiraswara (Nurhayati, 2009: 121-134).

Register menika minangka jinising *kode tutur* ingkang nedahaken ancas, *ciri khas* saha paedah saking panganggening register . Perkawis ingkang dadosaken khas wonten ing pacelathon adhedasar aspek paedah saha ancas saking panganggening register. Saking andharan menika saged dipunpendhet dudutan inggih menika register wayang kulit menika panganggening variasi basa ingkang gadhah ancas saha topik. Tingkat keformalan manut kaliyan adegan ingkang wonten ing kelir saha basa menika beda kaliyan basa padintenan.

Perkawis menika ugi sami kaliyan panaliten ingkang dipunadani dening Sih Agung Prasetya kanthi irah-irahan ‘Register wonten ing ringgit kulit lampahan Kresna Duta dening Ki Nartasabda’ warsa 2012. Saking panaliten menika ugi dipunpanggiaken register antawisipun janturan, kandha janturan, carita, sulukan, ada-ada, pathetan, sasmita gendhing, sasmita dhalang, kombangan, ginem.

Janturan inggih menika pocapan dhalang ingkang ngandharaken kahanan salah satunggaling adegan, kalebet swasana papan (nagara), paraga saha kadadeyan kanthi dipuniringi gamelan sirep (Murtoyoso, 2007 : 10). Janturan wonten kalih perangan, inggih menika janturan (janturan ageng) saha kandha janturan (janturan alit). Janturan menika ngandharaken carios ingkang dawa saha *detail*, dipunginakaken ing jejer sepisan. Kandha janturan menika ngandharaken carios ingkang cekak, dipunginakaken sasampunipun jejer pisan (Murtoyoso, 2007 : 11).

Janturan minangka salah satunggaling register wonten ing ringgit, gadhah titikan ingkang mligi utawi khas (Murtiyoso, 2007: 10-11), inggih menika :

1. Wujud basa *prosa* liris inggih menika ‘basa pedhalangan’ ingkang bebas saha migunakaken basa *puisi* kadosta, purwakanthi, bebasan, pepindhan, seloka lan sapanunggilipun.
2. Kathah migunakaken *leksikal arkhaïs*, inggih menika basa janturan ingkang kathah migunakaken tetembungan saking basa Kawi utawi Kapujanggan
3. Wonten sesambetan antawisipun swasana kaliyan gendhing ingkang dipuntabuh. Kangge dhalang ingkang sampun nguwaosi pakeliran, janturan kedah dipunlarasaken kaliyan gendhingipun.

Janturan ugi gadhah ancas ingkang mligi minangka unsur catur saking pedhalangan, inggih menika wacana *deskriptif* salah satunggaling carios utawi lakon ingkang migunakaken basa pedhalangan. Saking perkawis menika, boten mokal menawi janturan menika wigati wonten ing pakeliran ringgit.

Janturan dipuntingali saking saking *aspek penyajian* menika gadhah kalih ancas, inggih menika ancas teknik kaliyan ancas estetik. Ancas teknik janturan menika ngandharaken perkawis ingkang boten saged dipunbabar kanthi sarana *ekspresi dramatik* sanes. Kajawi menika, janturan ugi langkung ngandharaken gegambaraning ringgit babagan paraga, papan, swasana, ugi lakon. Ancas *estetika*, janturan gadhah ancas ndadosaken swasana utawi *kesan* tartamtu. Saged ugi kange langkung ngetingalaken swasana ingkang sampun dipungelar wonten ing pakeliran.

Carita inggih menika pangrumpaka utawi panyandra tumrap kawontenan utawi lelampahan ingkang sampun kepengker utawi badhe dumados, tanpa dipunkantheni gegambaran wonten ing kelir (Mudjanattistomo, 1977 : 14).

Sulukan inggih menika lagu *vocal* ingkang dipunpocapaken dening dhalang kangge damel salah satunggaling swasana tartamtu (Murtiyoso, 2007 : 37). Sulukan menika dipunperang dados 3, inggih menika pathetan, suluk (menawi Surakarta sendhon), ada-ada. Sulukan gadhah ancas inggih menika kangge damel swasana, kangge gantos swasana saha gantosing pathet.

Pathetan inggih menika jinising sulukan ingkang damel swasana wibawa (regu), tenang, mantap, saha lega. Pathetan menika dipuniringi kaliyan gamelan rebab, gender, barung, gambang, suling, saha ing perangan tartamtu dipunsisipi kempul, gong saha kendhang (bem). Pathetan menika ugi saged kangge tandha gantosing pathet ing pagelaran wayang.

Suluk utawi sendhon inggih menika sulukan ingkang damel swasana sendu, haru saha susah. Gamelan ingkang kangge iringan suluk menika sami kaliyan pathetan, ananging boten migunakaken rebab.

Ada-ada inggih menika jinising suluk ingkang damel swasana sereng, greget, saha greget. Gamelan ingkang kangge iringan inggih menika grimmingan gender barung, kempul, gong saha kendhang (Murtiyoso, 2007 : 38-39).

Sasmitha gendhing inggih menika sedaya pocapan saking dhalang utawi paraga ingkang ancasipun minangka pratandha dhumateng niyaga supados nyekar satunggaling lagu. Sasmitha gendhing menika saged awujud bawa utawi namung ukara pakon dhateng niyaga. Dene sasmitha dhalang inggih menika sedaya tandha saking dhalang, saged awujud langsung utawi boten langsung ingkang gadhah ancas tartamtu. Sasmitha dhalang menika dipunpocapaken saged nalika wonten ing carios utawi wonten ing jawi carios.

Ginem inggih menika saking basa ngoko gunem ingkang tegesipun micara. Wonten ing ringgit ginem menika tegesipun pocapan dhalang ingkang kangge nggambaraken pacelathon paraga. Ginem dipunperang dados kalih, inggih menika ginem blangkon saha ginem baku. Ginem blangkon inggih menika basa klise ingkang wosipun boten wonten gayutipun kaliyan carios. Tuladhanipun ginem bage-binage ing jejer pisanan. Kaping kalih inggih menika ginem baku, menika basa ingkang gayut kaliyan carios (Murtiyoso, 2007 : 16-17).

Kombangan inggih menika tembung kiasan saking jinising kewan ingkang gadhah suku enem, saha ngedalaken swanten mbrengengeng utawi mbengung. Pangertosan kombangan wonten ing pakeliran inggih menika *vokal* dhalang ingkang wonten nalika gendhing dipuntabuh kanthi dipuntrepaken kaliyan gendhing. Cakepan kombangan padatan dipunpendhet saking syair sulukan utawi kekawin. Kombangan gadhah ancas inggih menika kangge mantepaken swasana gendhing, kangge tandha ngelik, saha kangge tandha sesegan (Murtiyoso, 2007 : 41-41).

D. Paedah Register

Register inggih menika salah satunggaling basa ingkang dipunginakaken manungsa manut kaliyan pakaryan saha kahananipun. Dados paedah saking *register* ugi sami kaliyan paedah basa. Miturut pamanggihipun Nababan (1984 : 38) paedah panganggening basa ingkang gayut kaliyan bebrayan ageng menika wonten 4 paedah, inggih menika :

1. Paedah kabudayan

Paedah basa gayut kaliyan kabudayan inggih menika minangka : (a) cara ngrembakaaken budaya, (b) cara kangge nglestantunaken budaya, (c) *inventaris* titikaning budaya.

2. Paedah kangge bebrayan ageng

Paedah basa kangge bebrayan ageng inggih menika kaperang dados kalih, inggih menika adhedasar basa *ruang lingkupipun* kaliyan adhedasar sinten ingkang migunakaken basa.

Adhedasar ruang lingkupipun wonten basa basa *nasional* saha basa kelompok. Paedah minangka basa nasional inggih menika: (a) *lambang kebanggaan bangsa*, (b) *lambang identitas bangsa*, (c) cara kangge nyawijikaken suku ingkang maneka warna, (d) minangka alat ngubungaken laladan ingkang sanes. Dene paedah basa wonten ing kelompok inggih menika minangka *identitas*, utawi titikan ingkang bedakaken setunggal kelompok kaliyan kelompok sanes.

Adhedasar paraga ingkang migunakaken basa wonten : (a) basa resmi, (b) basa pendidikan, (c) basa agama, (d) basa dagang, lsp

3. Paedah *perorangan*

Miturut Halliday (Nababan, 1984 : 42) paedah basa kangge saben tiyang menika wonten 6 paedah. Ananging menawi tiyang sampun yuswa luwih saking tigang taun katambah maleh satunggal paedah.

Paedah menika : (a) paedah *instrumental* : wonten ing ukara, kalebet ukaraning tiyang alit ingkang gadhah ancas nyuwun, (b) paedah *interaksi* : wonten ing ukara ingkang dipunginakaken damel suasana *antarpribadi*, (c) paedah kapribaden utawi personal : wonten ing ukara pribadi, (d) paedah *pemecahan* perkawis utawi *heuristic* : wonten ing ukara jawab saking salah satunggaling perkawis, (e) paedah pakon utawi *regulatory* : ukara ingkang gadhah ancas mrentah tiyang sanes, (f) paedah *khayal* : wonten ing ukara ingkang gadhah ancas *imajinatif*.

Paedah menika menawi wonten ing tiyang ingkang yuswanipun langkung saking 3 taun dipuntambahaken paedah *informatif* inggih menika wonten ing ukara ingkang ngemot pawarta, dados menika minangka suka pawarta kagem tiyang sanes.

4. Paedah pendidikan

Paedah basa ingkang pungkasan inggih menika paedah pendidikan, menika langkung nengenaken ancas panganggening basa wonten ing pengajaran. Paedah menika wonten 4 : (a) paedah *integrative* : panganggening basa kanthi ancas supados saged manunggal ing bebrayan ageng, (b) paedah *instrumental* : panganggening basa kanthi ancas pados materi, (c) paedah *cultural* : panganggening basa kangge mangertosi babagan *sosial* lan kabudayan, (d) paedah minangka nalar : panganggening basa minangka cara mikir saha mangertos *konsep-konsep*.

Saking andharan ing inggil, basa menika gadhah maneka warna *fungsi*, kajawi *fungsi umum* inggih menika minangka basa *komunikasi*. Ananging wujud *komunikasi* menika taksih saged kaperang maleh dados maneka warna *fungsi* menika.

Pamanggih paedah saking basa ugi dipunandharaken dening Keraf (Felicia, 2001:1) basa kaginakaken wonten ing padintenan, menika saged awujud lisan utawi tulisan. Basa gadhah paedah inggih menika kangge nedahaken kahanan piyambak, sarana sesrawungan, sarana *integrasi* utawi nyawiji ing bebrayan ageng, ugi sarana kangge *kontrol sosial*.

Saking menika, saged kapendhet dudutan bilih paedah basa menika wonten maneka warna, ananging wonten ingkang sami pamanggihipun saking para ahli menika. *Register* ingkang badhe karembag menika kalebet paedah ingkang perorangan, menika dados titikan saha panganggenipun gadhah ancas ingkang mligi utawi gadhah khas.

E. Nilai

Nilai inggih menika *sifat* utawi bab ingkang penting saha migunani kangge manungsa kaliyan pagesanganipun. The Liang Gie (1972:159) ngandharaken bilih nilai menika perkawis ingkang mangaribawani *minat (interest)* perkawis ingkang dipunremeni (*preference*) *kepuasan (satisfaction)* *keinginan (desaire)* *kenikmatan (enjoyment)*. Wosipun Liang Gie ngandharaken bilih nilai menika adhedasar bab ingkang dipunraos ngremenaken dening manungsa.

Sami kaliyan pamanggihipun Liang Gie, Darmodiharjo ugi ngandharaken bilih nilai menika sipat utawi *kualitas* saking salah satunggaling perkawis ingkang mupangati kangge pagesanganing manungsa. Kangge manungsa menika, nilai saged kangge dhasar utawi *motivasi* nalika tindak tanduk, *sadar* utawi mboten sadar (Darmodiharjo, 2010 : 232). Saking pamanggihipun Darmodiharjo ugi ngandharaken bilih *nilai* menika perkawis ingkang saged migunani kangge pagesanganing manungsa, saged kangge lair utawi batinipun.

Mardiatmadja (1986:54) ngandharaken bilih *nilai* salah satunggaling perkawis ingkang kedah dipungadhahi supados ningkataken *kualitas* manungsa. Menapa kemawon ingkang wonten ing sakiwa-tengennipun manungsa saged dipunsebut nilai, amargi nilai menika tansah gayut kaliyan gesangipun manungsa. Nilai menika saged dipunanggep sae, ugi saged dipunanggep awon, menika manut kaliyan tiyang ingkang *nafsiraken*, amargi nilai menika asipat *abstrak* (Soekanto, 1985 : 532).

Saking *register* ringgit tiyang ingkang dipunpanggihipun, wonten 3 nilai inggih menika *nilai moral*, *nilai budaya* saha *nilai estetika*. Perkawis nilai menika badhe dipunandharaken ing ngandhap :

1. Nilai Moral

Nilai moral inggih menika nilai ingkang bedakaken sae utawi awon wonten ing pakaryan manungsa sedintenipun (Uzey, 2009 : 2). Ringgit minangka wewangunan

ingkang asring dipunsebat tontonan ugi tuntunan. Wonten ing ringgit saged dados kaca brenggala kados pundi kahanan pagesangan manungsa.

Pakaryan awon saha sae sedaya wonten ing ringgit. Perkawis menika kajawi kangge tontonan ugi kangge tuntunan ingkang tembenipun saged *didik perilaku* manungsa supados sae. Wonten ing perangan *register* menika ugi kathah kapanggihaken babagan nilai moral ingkang saged dipunginakaken minangka tuladha urip ing bebrayan ageng.

Tabrani merang dados kalih perangan patrap manungsa (Tabrani, 2002 (13-144) ingkang sepisan inggih menika patrap sae antawisipun.

- | | | | |
|--------------------------------|---------------------|---------------------------|--------------|
| 1. Njagi ajining dhiri | 11. Ngormati tiyang | 21. <i>Silaturahmi</i> | 31. Wicasana |
| 2. Njagi sucining dhiri | 12. Taliti | 22. <i>Sedekah</i> | 32. Andhap |
| 3. Sregep | 13. <i>Hemat</i> | 23. Teladan | |
| 4. <i>Jujur</i> | 14. <i>Ikhlas</i> | 24. <i>Kerjasama</i> | |
| 5. Sabar | 15. Tanggel jawab | 25. Prasaja | |
| 6. Kendel | 16. <i>Mandiri</i> | 26. <i>Rela berkorban</i> | |
| 7. <i>Sopan santun</i> | 17. <i>Tawakal</i> | 27. <i>Tahu diri</i> | |
| 8. Ngrumaosi kalepatan | 18. <i>Giat</i> | 28. Ramah tamah | |
| 9. <i>Taat</i> | 19. <i>Disiplin</i> | 29. Tetulung | |
| 10. <i>Syukur nikmat Tuhan</i> | 20. Ngabekti | 30. Adil | |

Ingkang kaping kalih inggih menika patrap awon, miturut Tabrani (2002, 115-136) antawisipun.

- | | | |
|---------------------------|-------------------|-------------------------|
| 1. <i>Menghujat</i> | 6. <i>Munafik</i> | 11. <i>Sombong</i> |
| 2. <i>Memaki</i> | 7. <i>Fitnah</i> | 12. <i>Iri hati</i> |
| 3. <i>Mencela</i> | 8. <i>Males</i> | 13. <i>Khianat</i> |
| 4. <i>Perkataan kotor</i> | 9. <i>Ujub</i> | 14. <i>Srakah</i> |
| 5. <i>Ngrasani</i> | 10. <i>Riya</i> | 15. <i>Buruk sangka</i> |

2. *Nilai budaya*

Budaya inggih menika sedaya sistem gagasan, patrap saha asiling budidaya manungsa kangge pagesangan saha dipunduwani kanthi srana gladhen (Koentjaraningrat, 1990 : 180). Wujud kabudayan miturut Koenjaraningrat menika wonten 3 (Koentjaraningrat, 1990 : 186).

1. Wujud kabudayan ingkang kompleks kadadosan saking *ide-ide, gagasan, nilai, norma, aturan* lan sapanunggilipun.
2. Wujud kabudayan kadadosan saking *aktivitas kompleks* saha gadhah pola manungsa wonten ing bebrayan ageng.
3. Wujud kabudayan minangka perkawis ingkang dados asiling manungsa.

Kajawi menika ugi wonten 7 unsur kabudayan ingkang saged dipunpanggihi ing sedaya kabudayan, antawisipun.

1. *Basa*
2. *Sistem pengetahuan*
3. *Organisasi sosial*

4. *Sistem peralatan hidup saha teknologi*
5. *Sistem mata pencaharian*
6. *Sistem religi*
7. *kesenian* (Koentjaraningrat, 1990 :203-204).

Saking andharan ing inggil saged dipunmangertosi kados pundi budaya Jawi ingkang ketingal wonten ing *register* ringgit tiyang menika.

Nilai budaya inggih menika *konsep-konsep* ingkang wonten ing alam pikiranipun para tiyang satunggaling masyarakat saha dipunanggep leres (Koentjaraningrat, 1987 : 85). Ringgit menika salah satunggaling *produk* budaya Jawi. Dados ing ringgit ngemot menapa kemawon *konsep-konsep* ingkang wonten ing budaya Jawa. Konsep menika dipunakeni dening kathah tiyang Jawi ugi taksih dipunginakaken ngantos sakmenika minangka *identitas* saking budaya Jawa.

Nilai budaya menika saged dipuntingali wonten ing simbol-simbol, slogan, visi, moto, ingkang ketingal utawi ingkang boten ketingal. Wonten 3 perangan ingkang gayut kaliyan nilai-nilai budaya menika, antawisipun.

- a. *Symbol, slogan, moto* ingkang saged dipuntingali
- b. Patrap, tindak tanduk ingkang wonten awit saking *slogan* utawi *moto* menika
- c. Kapitadosan ingkang wonten ing saklebetipun kabudayan (*believe system*). Saking <http://adianlangge.blogspot.com/2013/05/pengertian-konsep-nilai-dan-sistem.html>

3. *Nilai Estetika*

Estetika menika kadadosan saking tembung *Yunani* kino, inggih menika *aistheton* ingkang tegesipun satunggaling ‘kawegigan ningali saking *penginderaan*.’ Estetika menika nggladhi endah saha boten endah satunggaling karya seni gayut kaliyan *indra* ingkang dipungadhahi manungsa (Sumardjo, 2000 : 24). *Indra* ingkang saged ngraosaken inggih menika paningal, pangrungu saha manah kita.

Nilai *estetika* wonten ing pocapan *register* wayang menika saged dipuntingali wonten panganggening basa kasusastran. Basa kasusastran menika langkung endah menawi katandhingaken kaliyan basa padintenan. Endahing basa menika mboten namung migunakaken dhong-dhing, wirama saha paugeran sanesipun, ananging ugi pamilihing tembung saha kumpulaning tembung nambah endahing basa (Subalidinata, 1974 : 63). Basa ingkang kados mekaten ugi dipunsebat basa rinengga.

Basa rinengga inggih menika basa ingkang dipunpacaki, pinajang, dipunpaesi, kinarawista. Rinengga prelune supaya endah, bregas, ngengreng, ngresepake. Basa rinengga ugi dipunsebat basa pajangan utawi basa bregasan. Basa rinengga menika basa ingkang ngawrat kaendahan. Basa ingkang endah menika boten ateges basa ingkang angel, anaging ugi kathah basa endah ingkang angel dipun tegesi (Padmosoekotjo, 1953 : 66).

Basa rinengga menika gadhah titikan ingkang mbedakaken kaliyan basa padintenan, inggih menika.

1. Basa menika dipunandharaken kanthi tetembungan sanes ingkang gadhah teges langkung bregas utawi ketingal sae.

2. Tetembunganipun sawetara migunakaken basa kawi (Padmosoekotjo, 1953 : 66)
3. Ater-ater A- kadhang kala dados am- (ham-), ang- (hang-), saha any- (hany-).
 Ndhupak = andhupak (handhupak)
 Nyapu = anyapu (hanyapu)
 Mbalang = ambalang (hambalang)
 Nglumpuk = anglumpuk (hanglumpuk)
<http://nugzz.blogspot.com/2010/12/afiksasi.html>
4. Basa menika awujud prosa liris, inggih menika ‘basa pedhalangan’ ingkang dipunwuwuhi basa puitis, ing antawisipun purwakanthi, bebasan, pepindhan, seloka, lan sapanunggilipun.
5. Basa menika kathah migunakaken *leksikal arkhaïs*, inggih menika basa endah ingkang dipunpendhet saking basa kawi utawi kapujanggan (Murtiyoso, 2007 : 10-11)

F. Ringgit

Ringgit menika tansah dados kawigatosaning para ahli, amargi kathah pituduh ingkang wonten ing ringgit. Pangertosan babagan ringgit saged katingali saking maneka warna perangan.

1. Pangertosan *aspektual* ringgit

Menawi ngrembag babagan ringgit, paling mboten wonten 4 bab ingkang kapikiraken. Bab ingkang sepisan inggih menika babagan boneka-boneka ingkang dipunobahaken dening dalang. Bab ingkang kaping kalih gayut kaliyan senimanipun inggih menika dhalang ingkang gadhah kuwaos dados sutradara wonten pagelaran

ringgit. Bab kaping tiga inggih menika babagan sastra saha lakon. Sastra menika kalebet gendhing-gendhing ingkang wonten. Ingkang pungkasan inggih menika babagan tari-tari wonten ing ringgit.

2. Pangertosan *etimologi* ringgit

Ringgit menika tegesipun wayang (Poerwadarminto, 1939 : 530). Wayang miturut Haryanto (1988 : 78), gayut kaliyan tembung ‘bayang’ ingkang tegesipun ‘bayangan’ ingkang ateges samar, boten cetha (sama-samar) lsp. Miturut harfiah, ‘bayang’ menika kadadosan saking boneka ingkang dipunobahaken. *Boneka* menika pikantuk sorot padhang lampu blencong, lajeng ketangkep kelir dados bayang-bayang. Bab menika ingkang dipunsebat ringgit.

Wayang menika saking tembung ‘hyang’ ingkang tegesipun ‘dewa’, ‘roh’, utawi ‘suksma’. *Partikel* wa- wonten ing tembung menika boten gadhah teges, menika sami kaliyan tembung wahiri ingkang tegesipun iri. Saking bab menika, saged dipunpendhet dudutanipun bilih ringgit menika sampun ngrembaka saking jaman rumiyin.

Sakawit ringgit menika kangge upacara nyembah para laluhur, lajeng saya dangu dados tontonan budaya ingkang adiluhung. Upacara menika rumiyin kapandhegani dening saman, menika ingkang saged ngubungaken alaming kasunyatan kaliyan alaming roh. Ancas saking upacara menika antawisipun bersih desa, upacara suran, ngilangi sukerta saha sapanunggilipun.

Pamanggih ingkang sami ugi dipunandharaken dening Mulyono, tembung ringgit menika kadadosan saking tembung ‘bayang’ utawi bayang-bayang. Saklajengipun pikantuk pananmbang wa- dados ‘wayang’ (Mulyono, 1983 : 51).

Tetembungan wonten ing basa Jawa menika gadhah *akar kata* kanthi maneka warna wujud antawisipun, ‘layang’, ‘dhoyong’, ‘puyeng’, ‘reyong’ ingkang ateges tansah obah, boten tetep, samar-samar, saha sayup-sayup. Tembung ‘ringgit’, ‘hamayang’ ing jaman rumiyin ateges pagelaran ‘bayang’/ saya dangu dados pagelaran bayang-bayang, utawi ringgit.

Wonten ing pagelaran ringgit menika betahaken kathah *alat* ingkang gadhah ancas kange nyengkuyung pagelaran. Kadosta kelir, kelir menika kadadosan saking tembung ‘lir’ = ‘lar’ ingkang tegesipun dipungelar. Dados kelir menika gadhah teges satunggaling alat ingkang dipunginakaken nggelar ringgit. Wewangunan ringgit menika ketingal lumantar kelir menika.

Saklajengipun inggih menika blencong, blencong menika kadadosan saking tembung ‘cang’ = ‘cong’ ingkang ateges boten lurus (mlencong, menceng). Awit saking menika blencong menika lampu ingkang dipunginakaken nalika pagelaran ringgit saha gadhah *sumbu* ingkang boten lurus.

Kothak, kothak menika kadadosan saking tembung ‘thak’=’thik’ ingkang gadhah teges kalih perkawis ingkang ketemu (gathuk). Dados kothak menika papan kangge nyimpen ringgit ingkang awujud *persegi panjang* dipundamel saking kayu. Kothak kadadosan saking kalih perangan, inggih menika ‘wadiah’ saha ‘tutup’ ingkang gathuk tanpa migunakaken *engsel*.

Kepyak, kepyak inggih menika kadadosan saking tembung ‘pyak’ = ‘pyek’ gadhah swanten saking kalih utawi luwih perangan *logam* ingkang dipuntabuh. Kepyak inggih menika satunggaling alat ingkang kadadosan saking 3 utawi 4 logam tembaga ingkang dipuntabuh dhalang nalika pagelaran. Swanten ingkang wonten nalika dipuntabuh inggih menika ‘pyek’.

Ingang pungkasan dhalang, menika kadadosan saking tembung ‘lang’ ingkang tegesipun pindah saking setunggal papan dhateng papan sanes (langlang). Dhalang menika tiyang ingkang ngobahaken ringgit, tansah pindah saking setunggal papan dhateng papan sanes kangge dhalang (Mulyono, 1983 : 51-52).

3. Pangertosan ringgit saking filosofis

Ringgit menika gegambaran saking donya saha bebrayan ageng ingkang gumelar. Wonten ing ringgit boten namung kagambaraken gayutanipun manungsa kaliyan manungsa, ananging ugi manungsa kaliyan Tuhan-ipun. Alam bebrayan ageng menika mujudaken satunggal ingkang imbang.

4. Medium seni pedhalangan

Seni ringgit menika boten beda kaliyan seni budaya Jawa ingkang sanes, kados kethoprak, ludruk, lsp. Wonten ing saben kesenian menika wonten unsur *soft material* ingkang asring dipunsebat ‘medium’. Miturut KBBI tembung medium menika saged dipunartosaken ‘ukuran sedang’ saged ugi dipuntegesi *media* utawi alat *komunikasi*. Medium wonten ing kesenian dipuntegesi bahan baku ingkang dipungarap, mliginipun wonten ing ringgit tiyang ingkang dipungarap inggih menika basa, suara, rupa saha gerak (Murtiyoso, 2007 : 3-6).

Medium basa inggih menika bahan baku ingkang dipungarap kangge media ungkap ingkang awujud wacana saha *vokal* dhalang utawi paraga. Wacana dalang ingkang ing pakem pedhalangan dipunsebat basa pedhalangan inggih menika basa Jawa ingkang mligi dipunginakaken ing seni pedhalangan.

Pangertosan basa menika beda kaliyan pangertosan basa ing linguistik, ananging basa ingkang dipunginakaken ing kesenian kanthi ancas saged nuwuhaken *kesan* endah saha *estetis*. Wonten ing pedhalangan andharan ingkang migunakaken basa saged awujud *narasi* (janturan, kandha janturan, carita), *dialog* (ginem) ugi saged minangka *media vokal* dhalang (cakepan, sulukan, pathetan, kombangan, sasmitha gendhing, sasmitha dhalang).

Medium suara utawi swanten inggih menika bahan baku ingkang dipungarap minangka sarana andharan, saged awujud wacana, vocal dhalang, utawi karawitan pakeliran.

Pocapan dhalang kangge ngandharaken wonten ing ringgit menika boten namung waton ngandharaken, ananging ugi dipuntrepaken kaliyan wujud, *karakter* saha swasana tokoh ringgit. Perkawis menika saged kalampahan kanthi sae menawi dhalang menika saged ngolah swanten trep kaliyan karakter saben paraga. Swanten ingkang trep ndadosaken karakteripun saking ringgit menika saged ketingal. Kajawi saking menika gendhing ingkang ngiringi ugi kedah trep kaliyan kahananipun.

Medium gerak inggih menika bahan baku ingkang dipungarap utawi dipunolah kangge media *ekspresi* gerak ringgit. Wonten ing ringgit kulit, dhalang kedah saged ngobahaken ringgit kanthi *ekspresif*, boten kaku utawi saged ketingal urip. Menawi

wonten ing ringgit tiyang, amargi paraga menika sampun kadadosan saking manungsa dados medium gerakipun beda kaliyan ringgit kulit. Wonten ringgit tiyang menika kados pundi supados saben paraga saged ngetingalaken karakter saking saben paraga ringgit.

Ingang pungkasan inggih menika unsur rupa, inggih menika bahan baku ingkang dipungarap minangka damel wujud saking ringgit. Rupa wonten ing pirembagan menika kalebet wujud, warni saha karakter saking ringgit menika. Boneka ringgit sejatosipun inggih menika pengolahan saking *garis-garis* ingkang dipunsebat *corekan*, saking corekan menika saged damel karakter ringgit.

Wonten ing pakem pedhalangan Jawa, wujud ringgit menika dipuntrepaken kaliyan swasana utawi kahananing ringgit. Awit saking menika, paraga ringgit ingkang dipunanggep wigati dipundamel boten namung setunggal ringgit, ananging wonten kathah manut kaliyan paugeran ingkang dipunsebat *wonda*.

Paraga Arjuna menika gadhah wonda : jimat, kinanthi, pengasih, pengawe, muntap, brongsong, lsp. Paraga Kresna menika wonten wonda: rondhon, gendreh, botoh, mawur, surak. Ananging perkawis menika kirang wonten ing ringgit tiyang, amargi ringgit tiyang menika sampun kadadeyan saking paraga manungsa, dados babagan karakter langkung saged dipundamel manut kaliyan kahananipun.

Ancas ingkang dipunangkah saking medium pedhalangan inggih menika saged dipunperang dados 2 peranan, inggih menika ancas *estetik* saha ancas *teknik*. Ancas *estetik* saking *medium* ringgit inggih menika minangka sarana ngandharaken satunggaling lakon trep kaliyan swasana paraga, swasana adegan saha swasana

ringgit. Ancas *teknik* saking medium inggih menika minangka sarana ungkap *non fisik* kangge ngandharaken ide lumantar *wacana, vocal* dhalang, obah ringgit saha karawitan pakeliran.

Seni pertunjukan ugi gadhah prabot ingkang asipat *fisik*. Prabot *fisik* menika dipunperang dados 2 peranan, inggih menika prabot *fisik utama* kaliyan prabot *fisik pendukung*.

Prabot *fisik* utama inggih mneika sedaya perkawis ingkang kedah wonten nalika pagelaran ringgit menika dipunpentasaken. Menawi kirang salah satunggil menika saged dadosaken pagelaran boten saged sae. Ingkang sanes ingih menika prabot fisik pendukung, menika sedaya perkawis ingkang nyengkuyung wontenipun pagelaran ringgit saha menawi boten wonten salah satunggilipun menika boten dadosaken perkawis ingkang ganggu gancaring pagelaran.

Prabot *fisik* ingkang utama inggih menika wonten 4 perkawis inggih menika gamelan, panggungan, kotak, saha ringgit. Ingkang sepisan inggih menika gamelan, gamelan ingih menika alat musik utawi sumber musik kangge ngasilaken gendhing, lelagon, tembang, sulukan kangge nyengkutung swasana pakeliran.

Jaman rumiyin gamelan ingkang mligi dipunginakaken ngiringi ringgit dipunsebat *gongsa ringgitan*, inggih menika satunggaling gamelan ingkang prasaja. Gamelan menika namung wonten laras slendro saha kadadosan saking *instrument* ingkang boten kathah, tuladhanipun gender barung, slenthem, demung, saron barung, saron penerus, gambang, kethuk laras 2,5,6 kethuk kempyang, gong suwukan, kempul 6 saha kecer.

Jaman samangke gamelan ingkang dipunginakaken sampun gamelan ageng slendro pelog. Perkawis menika ingkang dadosaken sakmenika niyaganipun langkung kathah, taksih dipuntambah *instrument* non gamelan kados bedug, *orgen* saha *simbal*.

Ingang angka 2 inggih menika panggungan, panggungan menika kadadosan saking gawang, sligi, debog, tapak dara, placak, pluntur saha blencong. Gawang menika *frame* utawi *bingkai* kangge papanipun kelir, saged ugi dipunsebat blandaran. Kelir menika layar ingkang saking kain putih tipis dipunginakaken kangge nampilaken ringgit.

Sligi inggih menika kayu utawi pring ingkang dipunginakaken kangge masang kelir. Debog menika dipunginakaken kangge nancepaken ringgit. Tapak dara menika kayu ingkang dipunginakaken minangka nancepaken debog. Placak inggih menika *kait* saking wesi utawi kuningan kangge masang kelir munggah mudun. Pluntur inggih menika tali kangge nahan kelir ingkang inggil. Blencong inggih menika lampu ingkang dipunginakaken kangge madangi panggung pakeliran.

Ingang kaping 3 inggih menika kotak, kotak inggih menika papan kangge nyimpen ringgit, ananging wonten ing pakeliran kotak menika dipunreka dados salah satunggaling sumber swanten inggih menika dhodhogan. Sami kaliyan cempala, saha keprakan dhodhogan manika kangge langkung dadosaken swasana ingkang sampun wonten ing ringgit.

Kotak ringgit menika dipundamel saking kayu suren, awujud *persegi panjang* kaliyan tutupipun. Kotak menika wonten ing kiwa dhalang, saklajengipun tutup wonten ing tengen dhalang. Kotak dados setunggal perangan kaliyan keprak saha

cempala. Keprak menika dipundamel saking logam (*kuningan, perunggu* utawi *monel*) ingkang cacahipun sekawan. Keprak dipungantung ing sisih tengen kotak, pas kaliyan telapak suku dhalang ingkang tengen nalika sila. Keprak menika gadhah ancas kangge ngasilaken swanten tartamtu manut kekarepanipun dhalang.

Ingkang pungkasan inggih menika ringgit, ringgit menika dipuntata ing kiwa tengen kelir ingkang dipunsebat simpingan. Simpingan menika gadhah ancas *estetis* kangge watesing jagad pakeliran utawi jagading ringgit.

Setunggal set ringgit menika kadadosan saking 3 perangan ringgit, inggih menika ringgit simpingan, ringgit dhudhahan, ringgit ricikan. Ringgit simpingan inggih menika ringgit ingkang dipuntata ing sakiwa tengening kelir. Ringgit dhudhahan inggih menika ringgit ingkang dipunsamaktakaken ing tengen dhalang asringipun inggih menika paraga raseksa, dewa, satriya, pandawa, kurawa, punakawan lsp. Ringgit ricikan inggih menika ringgit ingkang awujud sanes manungsa, antawisipun kewan, kereta, barisan wadyabala, lsp.

Prabot fisik pendukung inggih menika perkawis ingkang boten kedah wonten ing ringgit, tuladhanipun samangke awit jaman sampun majeng saha teknologi ingkang sampun sae ringgit migunakaen *sound system* saha *sound effect* ingkang ndadosaken ringgit langkung sae.

G. Ringgit tiyang Sriwedari

Ringgit tiyang inggih menika salah satunggaling seni *teater* Jawa ingkang nggandheng seni pagelaran saking manca kaliyan seni ringgit ingkang ngrembaka wonten ing tanah Jawa. Ing Surakarta ringgit tiyang wonten nalika jaman

panguaosipun K.G.A.A. Mangkunegara 1 (1757-1795), menawi wonten Yogyakarta ringgit tiyang wonten nalika jaman panguaosipun Sultan Hamengkubuwana 1 (1755-1792).

Sakawit, ringgit tiyang dipunpentasaken ing Baluwarti kraton kemawon, ingkang dados paraganipun inggih para putra saha nayaka kraton. Nalika K.G.P.A.A. Mangkunegara IV jumeneng nata taun 1853-1881 ringgit tiyang gadhah kalenggahan sae ing kraton, katitik dados lelipur langendriyan kangge para kulawarga raja. Langendriyan inggih menika lelipur *klasik* ingkang kagelar kangge para kulawarga raja (Haryanto, 1988 : 78-79). Ananging saking ewahing jaman ringgit tiyang menika saged ngrembaka dumugi ing jaba kraton (Soedarsono 2000 : 2).

Bab lampahing carios antawisipun ringgit tiyang kaliyan ringgit kulit menika sami, ingkang bentenaken inggih menika hamung babagan paraganipun, menawi ringgit kuit migunakaken ringgit wacucal ing ringgit tiyang paraganipun dipungantos migunakaken tiyang.

Ringgit tiyang sakawit katindakaken ing lingkungan kraton kemawon, ingkang kadhapuk dados paraganipun inggih menika para putra saha nayaka praja ingkang gadhah drajat pangkat ingkang inggil, salah satunggaling tuladhanipun inggih menika ringgit tiyang ingkang wonten ing taman Sriwedari Surakarta menika.

Ringgit tiyang Sriwedari wiwitanipun dipundhuweni dening kraton Surakarta kangge njangkepi isen-isèn taman Sriwedari. Taman Sriwedari ingkang ateges ‘kebon raja’ mapan ing saktengahing kutha Surakarta jangkep kaliyan isinipun kangge suka parisuka para nayaka praja. Inggih yasa ringgit tiyang Sriwedari inggih menika

Adipati Mangku Nagara 1 (Sultan Hamengkubuwana I) taun 1757-1795 abad XVIII. Ringgit tiyang Sriwedari sejatosipun budaya Ngayogyakarta ingkang ngrembaka wonten ing Surakarta.

Ananging wiwit taun 2001 Dinas Pariwisata dipungantos Dinas Pariwisata Seni lan Budaya kanthi serat kekancingan Walikota Surakarta nomer 25 taun 2001. Ringgit tiyang Sriwedari miturut struktur organisasi katindakaken dening *Seksi Pengendalian dan Pelestarian Aset Seni dan Budaya kotamadya* Surakarta. Tanggel jawabipun kalebet sedaya prabeya produksi ringgit tiyang saha sedaya gaji paraga ingkang wonten ing ringgit tiyang. Ugi kalebet sedaya *fasilitas* gedung saha papan *pentas* menika dados tanggel jawab *Dinas*.

Ringgit tiyang minangka produksi seni tartamtu gadhah proses kangge ngasilaken seni,inggih menika proses *rencana* saha *pelaksanaan*. Proses menika miturut struktural katindakaken dening *staf* koordinator, sutradara saha asisten sutradara, tiketing, pengrawit, anak ringgit saha dekorasi saking ringgit tiyang Sriwedari piyambak.

H. Panaliten Ingkang Jumbuh

Asiling panaliten Sih Agung Prasetya kanthi irah-irahan *Register* wonten ing ringgit kulit lampahan Kresna Duta dening Ki Nartasabda warsa 2012, nedahaken bilih wujud register wonten ing pagelaran ringgit kulit lakon Kresna Cupu. Register menika antawisipun awujud kandha, carita, janturan, sulukan, sasmita dhalang, sasmita gendhing, pathetan.

Register menika nggadhahi titikan piyambak-piyambak babagan pocapanipun utawi panganggenipun. Register menika ugi boten kapanggihaken ing basa padintenan. Perkawis menika amargi basa ingkang dipunginakaken inggih menika basa ingkang endah saha khas. Register menika minangka *kesatuan lingual* ingkang ngemot peranganing kaendahan basa.

Panaliten ingkang dados dhasar utawi paugeran panaliten ringgit tiyang menika. Amargi sakmenika dereng wonten ingkang naliti babagan ringgit tiyang. Bedanipun panaliten ringgit tiyang menika kaliyan ringgit kulit ingkang sampun wonten inggih menika babagan carios. Ingkang dipuntaliti inggih menika babagan carios Mahabarata, lajeng menika babagan carios Ramayana.

Kados sampun dipunandharaken ing ngajeng, carios Ramayana menika langkung kathah paraganipun saha langkung maneka warna amargi paraganipun boten namung awujud manungsa, ananging ugi awujud raseksa saha rewanda (munyuk). Beda paraga menika ndadosaken register ingkang dipunginakaken ugi beda.


Saklajengipun amargi ringgit tiyang menika paraganipun beda, pocapan dhalang ugi beda. Dhalang ringgit tiyang boten ngandharaken jangkep kados ringgit kulit. Menika ingkang dadosaken panaliten menika beda kalia panaliten ringgit kulit ingkang sampun wonten.

Dalang ringgit kulit saha ringgit tiyang menika beda, menawi dalang ringgit kulit nalika pocapanipun menika kathah, saha ngandharaken kanthi pratitis. Beda kaliyan ringgit tiyang ingkang namung dipunjugag utawi dipunsigeg anggenipun mocapaken. Dados miturut salah satunggaling sumber, menawi dalang ringgit tiyang menika

saged dalang ringgit kulit, ananging dalang ringgit kulit dereng tamtu saged dalang ringgit tiyang. Amargi dhalang wonten ing ringgit tiyang menika namung dados lantaran utawi pambukaning carios, saklajengipun lampahan carios sampun manut kaliyan paraga piyambak-piyambak.

Saksanesipun, panaliten menika langkung wiyar saking panalitenipun ingkang sampun wonten. Wonten panaliten ingkang sampun wonten namung dumugi wujud saha ancas saking panganggening register, ananging ing panaliten menika ugi ngrembag babagan wosing gati saking register ugi nilai ingkang kawrat ing register. Kanthi perkawis-perkawis ing inggil sampun nedahaken bedanipun saing panaliten ingkang sampun wonten.

I. Nalaring Panaliten



BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika keleet jinis panaliten *deskriptif*, inggih menika panaliten ngandharaken data ingkang sampun dipunkempalaken kados kasunyatanipun (Sugiyono, 2011 : 207). Dados data menika dipunanalisis menapa wontenipun utawi saksagetipun kados wujud aslining *data*, kanthi limrah, menapa wontenipun saha boten dipunewahi. Wonten panaliten menika badhe naliti saha ngandharaken data register ingkang jumbuh kaliyan kasunyatan wonten ing ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’.

B. Subyek saha Obyek Panaliten

Subyek wonten ing panaliten menika video ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’. *Video* menika dangunipun 1,5 jam saha nyariosaken lampahan ‘Anoman Obong’.

Obyek panaliten inggih menika pocapanipun dhalang saha paraga nalika pagelaran ringgit tiyang menika. Data ingkang badhe dipunpanggihaken samangke awujud *satuan lingual* basa, saged awujud tembung, ukara lan sapanunggilipun. Satuan lingual menika ingkang khas manut kaliyan perangan *register* saha dipunginakaken dening dalang utawi paraga. Saking register menika lajeng dipunrembag babagan isinipun lajeng menapa nilai ingkang wonten ing isi saking register menika.

C. Cara Ngempalaken *Data*

Cara ngempalaken *data* ing panaliten menika migunakaken teknik nyemak lan *transkripsi*. Teknik nyimak menika dipuntindakaken kanthi mirengaken pocapan ringgit tiyang kanthi wongsal wangsul mliginipun ing babagan *register*.

Teknik *transkripsi* dipuntindakaken kanthi nyerat menapa ingkang dipunsimak. *Data* ingkang wonten dipunserat ing *kertu data*. Metode menika kedah sesarengan, mirengaken lajeng dipunserat supados langkung gampil.

D. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten inggih menika *kertu data*. *Kertu data* dipunginakaken kangge nyerat *data* ingkang sampun dipunpanggihaken. Ingkang dados *Human instrument* inggih menika panaliti piyambak, amargi panaliti ingkang nindakaken sedaya tataran panaliten. Wiwit saking mendhet data dumugi analisi data dipuntindakaken dening panaliti piyambak.

Tabel 1. *Kertu data*

No data	1
Sumber	Video wayang wong Sriwedari, menit kaping 07.06
Konteks	Pocapan dhalang kangge ngandharaken kahanan praja Alengkadiraja
Data	Hanenggih minangka purwakaning kandha, satuhu gumelaring Nagri Ngalengkadiraja
Wujud	Janturan
Ancas	Kangge ngandharaken jejer ingkang sepisan
Nilai	Nilai estetika

Kolom nomer menika isinipun nomer *data*. *Kolom sumber* menika isinipun sumber saing data . *Kolom konteks* menika isinipun kahanan saking panganggening

pocapan. *Kolom data* menika isinipun data ingkang dipunpanggihaken. Wujud *register* menika isinipun jenis *register* adhedhasar teori ingkang wonten. *Kolom* ancas ngandharaken ancas saking panganggening *register*.

E. Cara Analisis Data

Cara *analisis data* ingkang dipunginakaken ing panaliten inggih menika cara *deskriptif*. Tataran kangge analisis deskriptif menika wonten kalih tataran. Ingkang sepisan tataran nyemak, nalika nyemak menika manggihaken *register* ingkang wonten. *Register* lajeng dipunpanggihaken wujud, ancas saha nilainipun. Wujud, ancas, saha *nilai* dipunjumbuhaken kaliyan *kisi-kisi* ing *teori*. *Register* lajeng dipunserat wonten ing kertu *data*.

Kertu *data* lajeng dipunpilah manut kaliyan kategorisasinipun. Kertu *data* ingkang sami dipunkempalaken lajeng dipunanalisis manut kaliyan gegaran teori.

F. Validitas saha reabilitas data

Teknik keabsahan dhata menika dipuntindakaken kanthi *validitas* saha *reabilitas data*. *Validitas* inggih menika *derajad ketepatan* utawi kados pundi *data* menika saged jumbuh kaliyan kasunyatan saking *obyek* panaliten (Sugiyono, 2011 : 363). Kanthi menika, *data* saged dipunwastani *valid* menawi sampun saged jumbuh kaliyan kasunyatan ing *obyek* panaliten. Wonten ing panaliten menika nguji *validitas* migunakaken pertimbangan para ahli utawi tiyang ingkang sampun mangertos babagan *data* panaliten (*expert judgement*).

Reliabilitas data inggih menika ‘ *reliability is often defined as the consistency and stability of data or findings*’ Susan Stainback (wonten Sugiyono 2011 : 364). *Reliabilitas* inggih menika gayut kaliyan *konsistensi* utawi ajegipun data saking panaliten. Wonten ing panaliten menika *uji reliabilitas* kanthi mirengaken pocapan wongsal wangsul.

BAB IV

ASILING PANALITEN

A. Asiling Panaliten

Saking panaliten ingkang sampun dipunadani dening panaliti, menika data *register* ingkang dipunpanggihaken wonten ing ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’. Saking *data register* ingkang dipunpanggihaken menika saklajengipun dipunperang manut perangan *register* ugi manut kaliyan nilai ingkang kawrat wonten ing *register*.

Tabel 2. Perangan register, ancas saha nilai saking ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’

No	Wujud	Ancas	Nilai	Data	Katrangan
1	Janturan	Kangge ngandharaken jejer ingkang sepisan	Nilai estetika	Hanenggih minangka purwakaning kandha, satuhu gumelaring Nagri Ngalengkadiraja (lampiran data no. 1)	1. Kangge ngandharaken jejer ingkang sepisan 2. Ngandharaken kahananing carios kanthi <i>detail</i> . 3. Dipuniringi gamelan rep utawi alon. 4. Migunakaken basa rinengga.
2	Kandha Janturan	Kangge ngandharaken jejer ingkang saklajengipun utawi carios enggal kanthi dipuniringi gamelan.	Nilai Budaya	Inggih ing taman Argasoka lah menika tha sang wanodya kang sesilih Rekyan Shinta kang wus kacidra dening risang Dasamuka. (lampiran data no. 2)	1. kangge ngandharaken jejer kaping kalih saha saklajengipun. 2. Ngandharaken perkawis ingkang dados wosing carios 3. Dipuniringi gamelan rep utawi alon 4. Wonten menika nedahaken kabudayan Jawa jaman rumiyin. Inggih menika putri ingkang wonten ing

					taman, kadosta ing taman Argasoka
3	Carita	Ngandharaken carios enggal boten dipuniringi gamelan.	Nilai budaya	Kocap tan kadi wonten ing taman Argasoka, sang Dyah Ayu Rekyan Shinta kahadhep Dewi Trijatha tansah manglipur driya (lampiran data no. 3)	1. Ngandharaken carios ingkang badhe dipungelar. 2. Nalika carita, panggungan dipuntutup geber. 3. Migunakaken dhodhogan banyu tumetes 4. Wonten ing register menika ngandharaken kabudayan Jawa rumiyin inggih menika putri Raja ingkang dipunadhep putri sanes.
4	Ada-ada	Damel swasana <i>tegang</i> , sereng, greget.	Nilai estetika	Dedek adek ngaluhur, dhasar gagah badanipun. Kanjeng Sri Narapati dada kang abawa ratu gung agung kang maweh atur. (lampiran data no. 5)	1. Pocapanipun nalika gamelan suwuk. 2. Dipuniringi grimmingan gender, kempul, gong saha kadhang kala wonten dhodhogan utawi keprakan. 3. Migunakaken purwakanthi swara 'Dedek adek ngaluhur, dhasar gagah badanipun'
5	Suluk	1. Damel swasana kaanan ingkang wonten ing kelir. 2. Damel swasana <i>tintrim</i>, <i>dukita</i>.	Nilai estetika	Saya dalu araras abyor kang lintang kumedap. Titi sunya tengah wengi lintang gandaning puspita kang renganing pudyanira (lampiran data no 17)	1. Pocapanipun nalika gamelan suwuk 2. Dipuniringi gender, suling, gambang, kempul, gong. 3. Migunakaken tetembungan ingkang bregas, puspita. Boten migunakaken tembung sekar, utawi kembang.
6	Pathet	1. Damel suasana dados wibawa,	Nilai estetika	Myat langening kalangyan aglar panda muncar. Tinon lir	1. Pocapanipun nalika gamelan suwuk. 2. Dipuniringi kaliyan gender, rebab, suling,

		anteng, manteb saha lega. 2. Kangge tandha gantosing pathet		gegonang surem sorote tan padhang. Kasorlan pajare purnameng gegana (lampiran data no.19)	barung, gambang, kempul, gong. 1. Migunakaken tembung ingkang bregas, kadosta myat, lir, gegana. 2. Wonten pepindhan ing pathet menika ‘ Tinon lir gegonang surem sorote tan padhang’
7	Sasmita gendhing	Kangge suka pratandha kagem para pengrawit bilih kedah nyekar salah satunggaling lelagon ingang trep kaliyan bawanipun.	Nilai <i>estetika</i>	Gelo kae nusul, desal desel jowal jawil, padune emoh ditinggal, andek puna sengal sengil, sumbar-sumbar jaluk pegat, ora urung kinthil- kinthil (lampiran data no.20)	1. Pocapanipun nalika wiwitaning gendhing. 2. Migunakaken bawa kangge suka parentah nyekar salah satunggaling lelagon, inggih menika langgam nusul. 3. Migunakaen purwakanthi swara, desal-desel, jedal- jedul.
8	Sasmita dhalang	Kangge tandha kangge niyaga kangge ancas tartamtu	Nilai <i>Estetika</i>	Sinigeg gantio kang kinocap ing mangkono wahyaning kang gara-gara (lampiran data no.24)	1. Pocapanipun nalika dhalang suka parentah dhumatheng pangrawit, waranggana utawi tiyang sanès kangge ancas tartamtu. 2. Migunakaken tembung ingkang bregas, kadosta sinigeg, kinocap, wahyaning. Boten migunakaken basa padintenan kadosta cekakipun, carios, wancinipun, kamangka menika tegesipun sami.
9	Ginem	Kangge langkung ngandharaken carios ingkang wonten.	Nilai Moral	Rahwana: ...kula sampun kalampahan ndusta titising Dewi Widawati, Dewi Rekyan	1. Awujud pancelathon saben paraga wayang 2. Wonten ing register menika wonten nilai moral, inggih menika patrap ingkang boten sae

				Shinta... Wibisana: ...sampun ngantos nindakaken pakaryan ingkang damel asor panjenengan... Rahwana: Wis tak petung untung rugine aku ndusta Shinta, dadi ojo kuwatir. Lampiran data no. 25)	saking Rahwana. Patrap sombong, ngendhelaken kasektenipun saha boten midangetaken pamrayogi saking para kadangipun
10	Kombangan	1. Kangge langkung damel ngresepaken swasana. 2. Kangge tandha gendhing ngelik 3. Kangge tandha sesegan gendhing	Nilai <i>estetika</i>	Wijiling kang katon lir gonjinging. Oooong...maweh gandrung...Ooong .. (lampiran data no.26).	1. Pocapan ingkang kados kombang saha mboten wonten tegesipun (mbrengengeng) 2. Kanthi wontening kombangan menika langkung dadosaken kraos swasananipun.

B. Pirembagan

Saking asiling panaliten ingkang sampun kababar ing nginggil, dipunpanggihaken wonten 10 wujud *register*, inggih menika janturan, kandha janturan, carita, ada-ada, suluk, pathet, sasmita gendhing, sasmitha dhalang, ginem utawi pocapan saha ingkang pungkasan kombangan.

Register ingkang dipunpanggihaken menika boten namung awujud pocapan saking dalang, ananging ugi pocapan saking para paraga. Perkawis menika awit ringgit tiyang menika ingkang mocapaken mboten namung dhalang, ugi para paraga ringgit tiyang piyambak.

Nilai ingkang wonten ing register menika dipunpanggihaken 3 *nilai*, inggih menika *nilai moral*, *nilai budaya* saha *nilai estetika*. Ingkang saklajengipun bandhe dipunandharaken setunggal-setunggalipun ing ngandhap menika.

1. Janturan

Janturan inggih menika kandha utawi carita ingkang dipuntindakaken ing salebeting gendhing ingkang dipunsirep (Mudjanattistomo, 1977 : 14). Janturan ugi saged dipunmangertosi pocapan dhalang *monolog* kangge mbuka carios ringgit saha nyandra carios pisanan ringgit. Nyandra inggih menika ngandharaken kanthi permati utawi kanthi tatas (*detail*) satungaling perkawis migunakaken basa ingkang endah. Janturan dipunpocapaken nalika jejer ingkang sepisan utawi pambuka.

Janturan wonten ing ringgit wacucal kaliyan ringgit tiyang menika ancasipun sami, ingkang mbedakaken namung menawi wonten ing wayang tiyang menika janturanipun dipunjugag utawi dipunsigeg. Perkawis menika miturut salah

satunggaling paraga wayang wong, supados pocapan dhalang mboten mbetahaken wekdal ingkang kathah. Amargi dhalang menika namung dados juru carios, lampahing carios sampun dipuntindakaken paraga piyambak.

Pakem pedhalangan *klasik*, janturan menika ngandharaken kahanan kedhaton, ananging wonten ing ringgit sakmenika janturan boten kedah kedhaton. Janturan saged ugi nyariosaken perkawis ingkang sampun kalampahan (*flashback*). Panaliten *register* ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’ menika dipunwatesi inggih menika adhedasar pakem pedhalangan klasik.

Janturan ringgit tiyang, boten kathah kados ing ringgit kulit. Wonten ringgit tiyang menika namung dipunandharaken babagan pambukaning carios, saha kahanan pasewakan ageng ing kalenggahan menika. Perkawis menika saged dipunmangertosi ing janturan ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’ menika :

‘Anenggi minangka purwakaning kandha, satuhu gumelaring nagri Ngalengkdiraja, dhasar Negara kang jembar, adage wus kawentar, anane kang bangkit tumangkar. Wrangka patih kang ginayuh, majangka-jangka pepalang, gagar wigar pating balesah’ (lampiran / data 1) .

Tegesipun : Menika ingkang dados pambukaning carios, nagari Alengkdiraja. Nagari Alengkdiraja menika nagari ingkang wiyar laladanipun, sampun kondhang wonten ing mancanagari saha sampun ngrembaga. Sedaya ingkang dipunjangka utawi ingkang dipungayuh sampun kalampahan.

Register janturan menika, dipunpocapaken nalika bibar gendhing pambuka inggih menika gendhing patalon. Wonten ing janturan menika ngandharaken bilih nagari Alengkdiraja nedheng dados nagari ingkang sampun ageng saha majeng. Katitik saking tembung ‘dhasar Negara kang jembar, adage wus kawentar, anane kang bangkit tumangkar’. Menika dados bukti utawi titikan saking Negara ageng,

inggihi menika wiyar laladanipun, kathah jajahanipun, kondhang saha gadhah *daulat* utawi kawibawan ing mancanagari, saha ngrembaka pagesanganipun.

Saklajengipun, ugi taksih ngandharaken babagan bukti saking agenging nagari Alengkdiraja ‘Wrangka patih kang ginayuh, majangka-jangka pepalang, gagar wigar pating balesah. Wonten ing ukara menika dipun andharaken bilih menapa ingkang dipunjangka, utawi dipungayuh dening sedaya para kawula saha sentana Alengkdiraja menika dados kalampahan utawi kaleksanan, ngantos dipunwastani ‘gagar wigar pating balesah’.

Tembung pating balesah menika padatan ugi dipunginakaken kangge ngandharaken korbaning paprangan, kadosta ‘kwandane pating balesah ngebaki bantala’. Menika tegesipun korbaning paprangan kathah ngantos ngebaki papan paprangan. Saking menika saged dipundudut menawi gegayuhan ingkang sampun kalampahan ugi kathah ngantos boten saged dipunetang.

Sasampunipun ngandharaken babagan raja ingkang dados pangarsanipun nagari. Perkawis menika saged katingal saking janturan menika.

‘Sinten tha kang lenggah ing dhampar dental lah menika ta sang Prabu Rahwanaraja, kahadhep patih Prahastha, miwah raden Kumbakarna, tan kantun Raden Gunawan saha keng putra Raden Indrajit. Sang Buminata kahadep hamber kang samya seba’.

Saking andharan ing inggil, saged dipunmangertosi bilih ingkang dados raja utawi pangarsa wonten ing nagari Alengkdiraja inggihi menika Prabu Rahwanaraja. Saklajengipun dipunandharaken kados pundi kawibawan Prabu Rahwanaraja nalika pasewakan ageng, inggihi menika dipunadhep dening mahapatih Prahastha ingkang boten sanes pamanipun piyambak, kaliyan para

sedherek kadosta Raden Kumbakarna, Raden Gunawan saha ingkang putra Raden Indrajit.

Andharan ing inggil nedahaken kados pundi wibawa sang Prabu Rahwanaraja, nalika pasewakan ageng dipunadhep sedaya kadang kulawarga. Perkawis menika nedahaken para kadang ugi nyawiji kaliyan sang Prabu anggenipun memangun nagari.

Kajawi menika, taksih dipunsambung maleh kaliyan para nayakaning praja ingkang sedaya ngadhep nalika pasewakan. Perkawis menika saged dipunmangertosi ing andharan saklajenipun ‘Sang Buminata kahadep hamber kang samya seba. Ingkang ngadhep nalika pasewakan menika kathah sanget saengga dados hamber utawi luber awit saking kathah tiyangipun.

Wonten ing pangertosan nagari jaman rumiyi, nalika pasewakan ageng para raja ingkang sampun teluk ugi kedah dugi ngadhep raja ingkang mimpang. Menika dados bukti menawi raja telukan menika prasetya ngakeni kawon dumatheng raja ingkang mimpang. Dados menawi dipunurut saking ngajeng, ingkang ngadhep ing pasewakan menika para kulawarga Alengka, lajeng para nayaka kawimbuhan para raja telukan. Menika ingkang dados bukti kawibawan saking sang maha Prabu Rahwanaraja.

Nilai ingkang wonten ing janturan inggil inggih menika nilai estetika. Saged dipunwastani ngemot nilai estetika amargi saking andharan menika migunakaken basa ingkang endah kangge ngandharaken satunggaling perkawis. Tuladhanipun nalika badhe mbuka carios migunakaken ukara ‘anenggih minangka purwakaning kandha’. Menika langkung endah menawi dipuntandhingaken migunakaken

tembung padintenan kemawon, kadosta ‘menika kangge mbuka carios’ . Raosipun langkung sae menawi migunakakken basa ingkang rinengga.

Saklajengipun nalika ngandharaken kahananing nagari Alengka menika migunakaken purwakanthi swara ‘dhasar Negara kang jembar, adage wus kawentar, anane kang bangkit tumangkar’. Menika dadosaken langkung sae anggenipun ngocapaken saha dipunmirengaken langkung sekeco.

2. Kandha Janturan

Kandha janturan menika ngandharaken carios ingkang cekak, dipunginakaken sasampunipun jejer pisan. Kandha janturan kaliyan janturan menika sejatosipun sami, ancasipun sami inggih menika ngandharaken kahananing carios ugi sami boten migunakaken dhodhogan saha keprakan (Murtoyoso, 2007 : 11). Ingkang mbedakaken namung menawi janturan menika wonten ing pambuka utawi jejer pisanan, kandha janturan menika wonten ing jejer saklajengipun.

Jejer ingkang kaping kalih, kaping tiga menika dipunsebat kandha janturan. Ingkang mbedakaken maleh inggih menika menawi janturan ngandharaken jangkep saha *detail*, menawi kandha janturan menika namung ngandharaken ingkang wigati kemawon. Boten sedaya perkawis dipunandharaken.

Papan ingkang dipuncariosaken wonten ing kandha janturan boten kedah kedhaton, saged ugi wonten ing padhepokan, ing taman, ing margi lan sapanunggilipun. Menika manut kaliyan kabetahanipun. Perkawis ingkang dipuncariosaken boten sedayanipun kados janturan ing ngajeng, ananging namung

babagan ingkang mligi utawi babagan ingkang wigati. Perkawis ing inggil saged dipuntingali wonten ing kandha janturan ringgit tiyang Sriwedari menika

‘Ingkang ing taman Argasoka, lah menika tha, garwanipun sang Ramawijaya kang sesilih Rekyan Shintha kang wus kacidra dening rising Dasamuka. Ingkang kadherekaken Putri Gunawan kang asesilih Trijatha. Rinten dalu manunggal hanglipur dyah Ayu Rekyan Sinta (lampiran / data 2).

Wonten ing kandha janturan inggil, nyariosaken jejer kaping kalih inggih menika ing taman Argasoka. Jejer kaping kalih wonten ing ringgit tiyang menika dipunwiwiti kaliyan paraga Dewi Sinta kaliyan Dewi Trijatha medal kanthi beksan. Ing kandha janturan wonten ukara ‘Ingkang ing taman Argasoka, lah menika tha, garwanipun sang Ramawijaya kang sesilih Rekyan Shintha kang wus kacidra dening rising Dasamuka’.

Ukara kandha janturan menika ngandhaken gantosing papan carios, inggih menika wonten ing taman Argasoka. Taman Argasoka satunggaling taman ing Nagari Alengkdiraja ingkang mligi dipunsamaktakane kangge taman kaputren utawi prameswari raja. Wonten taman menika sang dyah Ayu Sinta dipunsingitaken utawi dipuncidra. Wonten ukara menika ugi dipunandharaken menawi dyah Ayu rekyan Sinta menika sejatosipun garwaning sang Prabu Ramawijaya, ananging dipuncidra dening Prabu Dasamuka.

Ukara saklajengipun inggih menika ‘ingkang kadherekaken Putri Gunawan kang asesilih Trijatha. Rinten dalu manunggal hanglipur dyah Ayu Rekyan Sinta’. Wonten ing ukara menika ngandharaken menawi sang Ayu Rekyan Shinta menika tansah dipunkanthi dening Dewi Trijatha.

Dewi Trijatha menika sejatosipun putrinipun Raden Gunawan, sedherek anem saking Prabu Rahwana. Raden Gunawan boten sarujuk kaliyan Prabu

Rahwana ingkang sampun nyidra Dewi Shinta, awit saking menika putrinipun inggih ugi boten sarujuk. Wonten carios Dewi Trijatha menika tansah hanglipur penggalhipun Dewi Shinta saha ngalangi menawi Raden Rahwana badhe pangandikan kaliyan Dewi Shinta.

Nilai ingkang wonten ing register kandha janturan inggih menika nilai budaya. Perkawis menika saged dipuntingali wonten ing ukara ‘ingkang kadherekaken Putri Gunawan kang asesilih Trijatha. Rinten dalu manunggal hanglipur dyah Ayu Rekyan Sinta’.

Ukara menika ngandharaken menawi Dewi Shinta saklaminipun kasingitaken tansah dipunkanthi dening Dewi Trijatha. Dewi Trijatha ingkang tansah anglipur penggalhipun Dewi Shinta. Saking menika saged dipunmangertosi bilih carios menika ngandharaken kahananing putri Jawa jaman rumiyin. Inggih menika putri kedah wonten ing taman lajeng dipunkanthi dening putri sanes minangka kancanipun. Putri boten pareng medal piyambakan.

3. Carita

Carita inggih menika pangrumpaka utawi panyandra tumrap kawontenan utawi lelampahan ingkang sampun kepengker utawi badhe dumados, tanpa dipunkantheni gegambaran ing kelir (Mudjanattistomo, 1977 : 14). Wonten ing ringgit tiyang Sriwedari menika, carita dipunpocapaken kanthi panggung dipuntutup geber kaliyan gamelan ingkang sirep. Carita ngandharaken perkawis ingkang sampun utawi badhe kalampahan ananging boten jangkep, namung ingkang wigati kemawon.

Perkawis menika saged dipuntingali wonten ing carita ringgit tiyang Sriwedari. Carita ingkang wonten antawisipun :

'Kocap tan kadhi wonten ing taman Argasoka, sang Dyah Ayu Rekyan Shinta kahadhep Dewi Trijatha tansah manglipur driya' (lampiran / data 3).

Carita menika dipunpocapaken nalika bibar *gara-gara* saha ngancik adegan wonten ing taman Argasoka saha kanthi panggung dipuntutup kaliyan geber, gamelan ugi boten dipuntabuh. Carita menika ngandharaken bilih carios ingkang badhe dipungelar inggih menika carios ing taman Argasoka ingkang ing ngriku wonten Dewi Shinta. Dewi Shinta saklebeting taman nedheng nandhang sungkawa amargi dipuncidra dening Prabu Rahwanaraja, ananging ing taman boten namung Dewi Shinta, ugi wonten Dewi Trijatha ingkang tansah nglipur sang Dewi Shinta.

Carita ingkang wonten saksanesipun inggil, ugi taksih. Carita menika ngandharaken kahanan ingkang badhe dipunpentasaken. Sami kaliyan carita ingkang sampun wonten, carita menika ugi dipunwiwiti kalian dhodhogan mlathuk (dherog-dhog-dhog).

Wanci dalu sang Prabu Rahwanaraja arsa mrepeki sang Dyah Ayu Wara Shinta. Sinigeg gantio kang kinocap ing mangkono wahyaning kang gara-gara (lampiran / data 4).

Carita menika dipunpocapaken nalika saksampunipun jejer pisan saha badhe ngancik gara-gara. Wonten ing carita menika dipunandharaken menawi saksampunipun Prabu Rahwanaraja dhawuh dhateng para sedherek saha nayaka, lajeng mlebet ing taman Argasoka. Prabu Rahwanaraja mlebet taman kangge mrepeki sang Dewi Shinta, bebujuk supados purun ngladosi Prabu Rahwanaraja.

Saklajengipun inggih menika adegan gara-gara, kangge miwiti dhalang migunakaken tembung Sinigeg gantio kang kinocap ing mangkono wahyaning kang gara-gara. Sinigeg menika tegesipun *singkat cerita*, dados menika ngandharaken bilih gantos ing adegan dados gara-gara.

Nilai ingkang wonten ingkang wonten ing carita inggil wonten maneka warna, kadosta carita ‘Kocap tan kadhi wonten ing taman Argasoka, sang Dyah Ayu Rekyan Shinta kahadhep Dewi Trijatha tansah manglipur driya. Wonten ing register menika kamot nilai budaya, inggih menika nyariosaken kahananing putri kraton Jawa jaman rumiyin. Jaman rumiyin putri menika wonten taman keputren dipunkanthi dening putri sanes utawi rewangipun. Ing carita, Dewi Shinta wonten taman Argasoka dipunkanthi dening Dewi Trijatha.

Salajengipun, wonten ing carita ‘wanci dalu sang Prabu Rahwanaraja arsa mrepeki sang Dyah Ayu Wara Shinta sinigeg gantio kang kinocap ing mangkono wahyaning kang gara-gara’. Saking ukara menika kamot nilai estetika. Peragan ingkang ngandharaken nilai estetika inggih menika ukara ‘sinigeg gantio kang kinocap’ ukara menika kalebet ukara endah kangge ngandharaken bilih carios sampun gantos, saha sakmenika sampun wancinipun gara-gara.

4. Ada-ada

Ada-ada inggih menika salah satunggaling jinising suluk ingkang ancasipun merbawani kahanan dados sereng, greget saha semarak. Wonten ing ada-ada, gamelan ingkang dipunginakaken minangka iringan ada-ada inggih menika gender, kempul, gong saha wonten ugi kendhang (Murtoyoso, 2007 : 38-39). Ada-

ada limrahipun migunakaken keprakan saha dhodhogan. Dhodhogan ingkang dipunginakaken inggih menika dhodhogan mlathuk kaping pisan dipunlajengaken dhodhogan geter ingkang wiramanipun cepet.

Register ingkang kathah dipunpanggiaken wonten ing panaliten inggih menika ada-ada. Ada-ada dipunginakaken minangka merbawani swasana utawi kahanan ingkang sampun dipunwedhar dening paraganipun. Perkawis menika saged dipuntingali wonten ing tuladha ada-ada menika, ada-ada menika dipunpocapaken nalika jejer ingkang sepisan.

‘Dedek adek ngaluhur, dhasar gagah badanipun. Kanjeng Sri Narapati dada kang abawa ratu gung agung kang maweh atur (lampiran / data 5).

Register ada-ada ing inggil dipunpocapaken nalika bibar janturan ing jejer sepisan. Ada ada menika kalebet ada-ada girisa migunakaken dhodhogan banyu tumetes. Wonten ing janturan sampun dipunandharaken bilih carios kawiwitan saking jejer Alengkadiraja. Sesampunipun janturan, ada-ada menika dipunpocapaken kangge langkung dadosaken swasana sigrak nalika Prabu Rahwanaraja badhe suka dhawuh.

Ada-ada dipunwiwiti ukara ‘Dedek adek ngaluhur, dhasar gagah badanipun’. Ukara menika kangge ngandharaken dedeg piyadeg saking Prabu Rahwanaraja ingkang pancen gedhe duwur. Ukara saklajengipun inggih menika ‘Kanjeng Sri Narapati dada kang abawa ratu gung agung kang maweh atur. Menika ngandharaken bilih sang Prabu Rahwanaraja badhe suka dhawuh dhateng para nayaka.

Register ada-ada ingkang sanes saged dipuntingali ing tuladha ngandhap menika. Ada-ada menika dipunpocapaken nalika jejer kaping kalih wonten ing taman Argasoka.

Sigra bala kang tumingal acampuh samya medali. O.... lir thathit wileting dada O....dyah gung mangungkang niti mbenjang sang aji mijil kadya ngedali wuwus (lampiran / data 7).

Ada-ada menika kangge miwiti jejer kaping kalih. Nalika ada-ada dipunpocapaken geber menika dipuntutup, saha migunakaken keprakan saha dhodhogan. Dhodhogan ingkang dipunginakaken inggih menika dhodhogan *nretes* menika langkung ngetingalaken sigrak swasana.

Ada-ada menika kangge miwiti jejer taman Argasoka, saklajengipun Dewi Shinta medal dipundherekaken dening Dewi Trijatha. Ing taman menika Prabu Rahwanaraja mrepeki saha nyuwun supados Dewi Shinta purun ngladosi dhumateng Prabu Rahwanaraja. Ananging karep menika ugi dipunalangi dening Dewi Trijatha, saengga Prabu Dasamuka mboten saged nyaketi Dewi Shinta. Menika carios ingkang wonten ing taman Argasoka, kangge langkung ndadosaken swasana dipunginakaken ada-ada ingkang kados ing inggil.

Ada-ada ugi dipunginakaken nalika kangge ngetingalaken swasana duka utawi sereng. Perkawis menika saged dipuntingali nalika carios Prabu Rahwanaraja mangertosi bilih Alengkadiraja dipunrisak dening Anoman. Ada-ada ingkang dipunginakaken inggih menika

‘Duka yayah sinipi, kerot-kerot ponang waja O... denya lena praptu cidra wadana bang wora waribang’ (lampiran / data 14).

Ada-ada menika dipunpocapaken kanthi ancas langkung ngetingalaken menawi Prabu Rahwanaraja saweg duka. Ukara ingkang sepisan inggih menika

‘Duka yayah sinipi, kerot-kerot ponang waja’ menika ngandharaken prabu Rahwanaraja duka saha wajanipun kerot-kerot.

Saklajengipun ukara ‘denya lena praptu cidra wadana bang wora wari bang’. Menika ngandharaken bilih pasuryanipun Prabu Rahwanaraja abrit kados kembang wora wari. Anggenipun duka Prabu Rahwanaraja amargi nagari Alengkadiraja sampun rusak dening Anoman, saha maleh boten wonten nayaka Alengka ingkang saged ngasoraken kridhaning Anoman.

Perkawis menika ingkang dadosaken Prabu Rahwanaraja duka. Prabu Rahwanaraja lajeng dhawuh dhumateng ingkang putra Raden Indrajit supados ngasoraken Anoman, pungkasanipun inggih Raden Indrajit ingkang saged ngrangket Anoman.

Nilai ingkang wonten ing *register* ada-ada inggih menika nilai *estetika*. Saged dipuntingali wonten ing tuladha ada-ada ingkang sepisan, menika wonten tembung ingkang ngawrat purwakanthi swara, inggih menika ‘Dedek adek ngaluhur, dhasar gagah badanipun’. Lajeng wonten ing tuladha kaping kalih menika migunakaken pepindhan ‘lir thatit wileting gada’. Menika kangge langkung ngetingalaken swasana sigrak saha sereng.

Wonten ing tuladha pungkasan ugi wonten pepindhan, inggih menika nalika Prabu Rahwanaraja duka menika, pasuryanipun abrit kados sekar wora-wari ‘wadana bang wora waribang’. Perkawis menika kangge langkung ngetingalaken menawi swasana saweg sereng amargi kaperbawan kaliyan dukanipun Prabu Rahwanaraja.

5. Suluk

Suluk inggih menika sedaya lelagoning dhalang ingkang minangka rerangkening pakeliran, ingkang dipuntindakaken ing suwuking gangsa utawi ing salebeting pocapan kangge ngisi raos jumbuhipun kaliyan kawontenan, sarta kangge ngombangi ungeling gangsa (Murtoyoso, 2007 : 38-39).

Suluk, ada-ada saha pathet menika sami, ingkang bedakaken namung ancas saking panganggening *register* menika. Suluk dipunpocapaken sasampunipun janturan. Suluk dipunpocapaken kanthi ancas kangge langkung ngetingalaken carios ingkang sampun wonten. Wonten ing ringgit tiyang menika, suluk dipunpocapaken nalika geber sampun dipunbikak saha paraga sampun medal.

Kados ingkang sampun dipunandharaken ing ngajeng, bilih suluk menika ancasipun kangge langkung ngetingalaken swasana saking carios. Perkawis menika saged dipun mangertosi saking tuladha suluk menika :

‘Surem surem dewangkara kingkin lir manguswa kang layon, O.... denya ilang memanise wadananira hayu kumel kucem rahnyo maratani. O....’(lampiran / data 18).

Suluk ing inggil dipunpocapaken nalika jejer ing taman Argasoka. Wonten ing taman menika Dewi Shinta tansah sungkawa penggalhipun amargi nalika dipuncidra dening Prabu Rahwanaraja, Dewi Shinta kaliyan Prabu Ramawijaya menika palakramanipun nembe 40 dinten.

Sungkawaning penggalih saking Dewi Shinta menika dipungambaraken lumantar suluk ing inggil. ‘Surem surem dewangkara kingkin lir manguswa kang layon’, menika tegesipun kehanan ingkang susah, kados dene dipuntilar tiyang seda. Pasuryanipun Dewi Shinta menika susah kados dene dipuntinggal seda

dening tiyang. Atase ing taman menika Dewi Shinta sarwa kacekapan bab raja brana saha kabetahan, anaging panggalhipun tansah susah.

Ukara ingkang saklajengipun ugi langkung ngandharaken kahananing Dewi Shinta. Ukara ‘denya ilang memandise wadananira hayu kumel kucem rahnyo maratani’ menika ngandharaken bilih Dewi Shinta ingkang pasuryanipun ayu dados kumel saha nangis amargi nandhang kasusahan. Sulukan menika langkung ngetingalaken swasananipun amargi dipuniringi kaliyan gamelan gambang saha rebab. Gamelan ingkang alon saha sulukan ingkang sedhih dadosaken jejer taman menika langkung kraos swasananipun.

Suluk ugi saged dipunginakaken kangge nggambaraken swasana ingkang sepi, ening saha khidmat. Tuladhanipun saged dipuntingali wonten ing suluk menika.

Saya dalu araras abyor kang lintang kumedap. Titi sunya tengah wengi lintang gandaning puspita kang renganing pudyana. O.....Sang dwijawara mbrengengeng. lir swaraning madubrantana manungsung sarining kembang’ (lampiran / data 17).

Suluk ing inggil menika dipunpocapaken nalika bibar jejer sepisan ngancik gara-gara. Suluk dipunpocapaken nalika geber dipuntutup, sak sampunipun suluk menika dipunlajengaken carita kahanan ingkang badhe kababar. Suluk menika ugi dipuniringi kaliyan gambang saha rebab. Perkawis menika dadosaken kahanan langkung *khidmat*.

Ukara sepisan inggil menika ‘Saya dalu araras abyor kang lintang kumedap’ menika ngandharaken bilih kahanan saya dalu, kathah lintang ingkang wonten ing angkasa. Ukara ingkang saklajengipun inggil menika ‘titi sunya tengah wengi

lintang gandaning puspita kang renganing pudyana' menika ngandharaken menawi wonten ing saktengahing dalu ingkang sepi, wonten aruming kembang ingkang saged damel raos trenyuh.

Suluk menika dipunsisipi kaliyan kombangan sepisan, dipunlajengaken kaliyan ukara 'Sang dwijawara mbrengengeng'. Tegesipun inggih menika wonten ing saktegahing dalu para guru saha pendeta nedya nenuwun dhumateng Gusti ingkang akarya jagad, kanthi memuji saha ngeningaken cipta. Swanten saking para guru ingkang memuji menika kepireng mbrengengeng 'lir swaraning madubranta manungsung sarining kembang'. Swara para guru ingkang memuji menika mbrengengeng kados tawon madu ingkang ngisep madu saking kembang.

Nilai ingkang wonten ing suluk inggih menika nilai estetika, saged dipuntingali wonten ing suluk ingkang sepisan menika migunakaken pepindhan 'lir manguswa kang layon'. Saklajengipun wonten suluk ingkang kaping kalih ugi migunakaken pepindhan 'lir swaraning madubranta manungsung sarining kembang'. Menika trep kaliyan salah satunggaling titikan basa rinengga inggih menika migunakaken pepindhan.

6. Pathetan

Pathetan inggih menika ugi salah satunggaling perangan saking suluk ingkang dipunpocapaken kangge langkung ngetingalaken kahananing carios. Pathetan ugi saged minangka pratandha saking dhalang dhumateng niyaga supados gantos pathet (Murtoyoso, 2007 : 38-39). Wonten ing panaliten menika namung wonten setunggal pathet inggih menika,

‘Myat langening kangyan aglar panda muncar. Tinon lir gegonang surem sorote tan padhang. Kasor lan pajaring purnameng gegana’ (lampiran / data 19).

Pathetan menika dipunpocapaken nalika jejer Anoman dugi wonten ing taman Argasoka. Sasampunipun Anoman dugi wonten ing taman Argasoka, Anoman nepangaken bilih piyambakipun duta saking Prabu Ramawijaya ing Pancawati. Kangge tandha bukti Anoman ngasta cincin utawi sesupe saking Prabu Ramawijaya.

Perkawis menika dadosaken penggalhipun Dewi Shinta bungah amargi Prabu Ramawijaya sampun badhe mundhut bali sang Dewi. Kangge nggambaraken swasana ingkang mekaten dipunginakaken pathetan ing inggil. Kajawi menika, suluk ugi dados tandha gantosing pathet dados pathet *manyura*.

Ukara saking pathetan menika dipunwiwiti ‘Myat anenging kang aglar panda muncar’ menika tegesipun bilih swasana penggalhipun Dewi Shinta saweg bingah amargi wonten duta saking Prabu Ramawijaya.

Ukara ingkang saklajengipun inggih menika ‘Tinon lir gegonang surem sorote tan padhang’ ananging bingahipun menika ugi taksih wonten raos ajrih amargi kangge mundhut bali menika ateges kedah prang kaliyan Prabu Dasamuka ingkang sekti mandraguna.

Perkawis dipunibarataken gegonang (konang) ingkang sorote boten padhang. Suluk menika dipunpungkasi ‘Kasor lan pajaring purnameng gegana’ sorot konang menika taksih kasor utawi kawon menawi dipuntandhingaken soroting purnama utawi rembulan ing angkasa.

Nilai ingkang wonten ing sulukan menika nilai estetika, amargi wonten sulukan menika migunakaken pepindhan ingkang kangge ngandharaken swasananing manah, inggih menika ‘Tinon lir gegonang surem sorote tan padhang’. Menika ngandharaken kahananing manah Dewi Shinta ingkang sampun bungah, ananging ugi taksih sungkawa.

7. Sasmita Gendhing

Sasmita gendhing inggih menika sedaya pocapan saking dhalang utawi paraga ingkang ancasipun minangka pratandha dhumateng niyaga supados nyekar satunggaling lagu. Sasmita gendhing menika saged awujud bawa utawi namung ukara pakon dhateng niyaga. Perkawis menika manut kaliyan kahanan utawi kabetahan nalika miwiti lelagon. Tuladha saking sasmita gendhing ingkang awujud bawa inggih menika,

Gelo kae nusul, desal desel jowal jawil, padune emoh ditinggal, andekpuna sengal sengil, sumbar-sumbar jaluk pegat, ora urung kinthil-kinthil (lampiran / data 20).

Bawa menika dipunpocapaken nalika badhe ngancik gara-gara saha geber dereng dipunbikak. Bawa ing inggih inggih menika bawa langgam ingkang irah-irahanipun ‘nusul’. Dados kanthi dhalang mocapaken bawa menika, para niyaga saha waranggana sampun mangertos bilih lagu ingkang dipunkersakaken inggih menika langgam ‘nusul’.

Saksanesipun migunakaken bawa, sasmita gendhing ugi saged migunakaken ukara pakon. Tuladhanipun kados sasmita gendhing menika, ‘sambel kemangi dados..’. Ukara pakon menika dipunpocapaken dening Petruk kaliyan niyaga nalika ngersakaken lelagon sambel kemangi. Beda kaliyan tuladha ing inggil,

menawi sasmitha gendhing menika *langsung* boten migunakaken bawa, ananging awujud ukara pakon.

Sasmita gendhing ingkang pungkasan inggih menika awujud pethilan cakepan saking sekar ingkang dipunkersakaken. Paraga ingkang ngersakaken sekar menika nyekar rumiyin setunggal gatra kangge sasmita dhumateng niyaga supados nabuh lelagon menika.

Tuladha sasmitha gendhing ‘Nimas ayu garwaning wang’. Sasmitha gendhing menika dipunpocapaken paraga Prabu Rahwanaraja nalika badhe nyaketi Dewi Shinta. Saking gatra sepisan ingkang guru gatra saha guru wilanganipun 8a, dipunlajengaken 8i saged dipunmangertosi bilih menika tembang sinom awit menika para niyaga ugi kedah samekta nabuh sinom.

Nilai ingkang wonten ing *register* sasmitha gendhing inggih menika nilai *estetika*. Perkawis ingkang dados titikanipun inggih menika sasmita gendhing menika minangka tandha utawi sasmitha saking dhalang utawi paraga dhumateng niyaga supados nabuh sekar tartamtu. Kanthi migunakaken bawa menika dadosaken langkung sae anggenipun nyuwun lelagon dhumateng niyaga. Wonten ing bawa ing nginggil, dhalang ngersakaken langgam nusul. Saged dipuntinali wonten ing ukara ‘Gelo kae nusul, desal desel jowal jawil’.

8. Sasmita Dhalang

Sasmita dhalang inggih menika sedaya tandha saking dhalang, saged awujud langsung utawi boten langsung ingkang gadhah ancas tartamtu. Sasmitha dhalang menika dipunpocapaken saged nalika wonten ing carios utawi wonten ing jawi carios. Tuladha saking sasmitha dhalang inggih menika.

Sinigeg gantio kang kinocap ing mangkono wahyaning kang gara-gara (lampiran / data 24).

Sasmita dhalang menika dipunpocapaken nalika pungkasaning carita jejer pisan. Wonten ing sasmitha dhalang menika ngemot pawarta bilih ingkang saklajengipun sampun ngancik carios gara-gara. Sasmita dhalang menika dipunwiwiti ukara ‘sinigeg gentio kang kinocap’ tegesipun sampun gantos carios. Dipunlajengaken ukara ‘mangkana wahyaning kang gara-gara’ tegesipun ing wekdal menika sampun wancinipun ngancik gara-gara.

Nilai ingkang kamot ing sasmitha dhalang inggih menika nilai *estetika*, wonten ing sasmita dhalang menika migunakaken basa ingkang endah nalika dipunpocapaken. Boten migunakaken basa padintenan.

9. Ginem

Ginem kadadosan saking tembung basa ngoko gunem igkang tegesipun micanten. Wonten pedalangan ginem menika tegesipun pocapan dalang ingkang ngandharaken paraga ringgit ingkang saged awujud *monolog* saha *dialog* (Murtoyoso, 2007 : 16-17). Wonten ringgit tiyang, ginem boten dipuntindakaken dening dalang, ananging dening paraga piyambak. Pacelathon menika kangge langkung ningalaken kahanan utawi dadosaken swasana. Kanthi pacelathon menika carios ingkang sampun dipungelar saged mlampah sae.

Wonten ing pakem pedhalangan, wujud ginem menika dipunperang maleh dados kalih peranan, inggih menika *monolog* saha *dialog*. Ginem *monolog* inggih menika menawi paraga pacelathon piyambak, tuladhanipun ngudarasa, ngomyang, lsp. Ingkang kaping kalih nggih menika ginem *dialog*, tegesipun

pacelathon ingkang dipun tindakaken tiyang kalih. Perkawis menika sami kaliyan pacelathon biasa.

Miturut jinisipun, ginem dipunperang dados ginem blangkon kaliyan ginem *baku*. Ginem blangkon inggih menika wacana ringgit ingkang arupi basa klise, boten wonten sesambetipun kaliyan carios ingkang wonten. Ginem kados mekaten asring dipunginakaken wonten ing jejer pisan minangka pacelathon raja kaliyan patih, saha nayaka praja. Jinis ginem ingkang kaping kalih inggih menika ginem baku, tegesipun wacana ringgit ingkang wonten sesambetanipun kaliyan gancaring carios.

Ginem baku asring migunakaken basa ingkang bebas manut kaliyan watak paraga. Wonten ing ringgit, gantos ing ginem, saking ginem blangkon gantos ginem baku menika katitik saking singgetan suluk pendek (suluk jugag).

Ginem gadhah ancas ngandharaken perkawis ingkang wonten ing pakeliran lumantar pacelathon antawisipun paraga ringgit. Kajawi menika, ginem ugi ngandharaken watak saking saben paraga ringgit. Tuladha ginem ingkang sambet kaliyan carios inggih menika.

Rahwana :Ing wekdal menika kula sampun kalampahan ndusta titising Dewi Widowati, Dewi Rekyan Shinta. Menawi miturut pamanggihipun paman kala Prahastha, menika prayogi kados pundi kula nyuwun tetimbangan paduka man!

Prahastha :Miturut pamanggih kula, rehne Dewi Shinta sampun kalampahan wonten ing taman, badheya kados pundi kedah kalampahan dados prameswari.

Rahwana :ha..ha..ha..Wibisana pye?

Wibisana :Paduka menika nalendra gung binethara, sampun ngantos nindakaken perkawis ingkang damel asor drajat pangkat panjenengan.

Rahwana :Cukup..cukup..aku ra pengen ngrungokne kowe. Kumbakarna kepriye?

Kumbakarna: Kudune kowe ra perlu takon kakang prabu. Opo seng mbok tindakaken yen enek apa-apane lakonono dewe.

Rahwana :Wis tak petung, untung lan rugine aku ndusta Shinta dadi kwe ojo kuatir.

Ginem menika wonten nalika jejer Alengka, wonten ing pasewakan Prabu Dasamuka dipunadhep kaliyan para kadang saha nayaka. Prabu Rahwana nyuwun tetimbangan dhateng sedaya kadang kados pundi anggenipun sampun saged nyidra Dewi Shinta.

Saking pangandikan ing inggil, ingkang sarujuk kaliyan kekarepanipun Prabu Rahwanaraja menika namung Paman Patih Prahastha. Raden Gunawan saha Raden Kumbakarna boten sarujuk kaliyan kekajenganipun Prabu Rahwana. Ananging Prabu Rahwana boten kengguh, tetep nggondheli Dewi Shinta.

Nilai ingkang wonten ing *register* ginem inggih menika nilai *moral*, kados ingkang sampun dipunandharaken bilih Raden Gunawan saha Raden Kumbakarna boten sarujuk kaliyan Raden Rahwana ingkang sampun nyidra Dewi Shinta amargi Dewi Shinta menika sampun palakrama kaliyan Prabu Rama. Nyidra tiyang ingkang sampun palakrama menika boten sae.

10. Kombangan

Kombangan inggih menika salah satunggaling register ingkang wonten ing pagelaran ringgit kulit kaliyan ringgit tiyang. Kombangan kadadosan saking tembung kiasan ingkang tegesipun kewan ingkang sukunipun 6, utawi dipunsebat kombang (kumbang). Kewan menika saged mabur ugi ngedalaken swanten ingkang mbrengengeng utawi mbengung.

Pangertosan kombangan wonten ing pakeliran inggih menika *vokal* dhalang ingkang dipunpocapaken nalika gendhing dipuntabuh utawi nalika ing swasana

tartamtu saha swantenipun mbrengengeng kados swanten kombang (Murtoyoso, 2007 : 43). Kombangan menika sejatosipun namung swanten *vokal* ingkang mbrengengeng boten wonten artosipun, anaging sakmenika sampun dipuntambah syair utawi kekawin supados langkung endah.

Ancas saking panganggening kombangan inggih menika kangge langkung mantepaken swasana. Kanthi wontenipun kombangan menika, swasana nalika dhalang ngocapaken dados langkung kraos, langkung mantap. Tuladha kombangan ing panaliten menika antawisipun,

Wijiling kang katon lir gonjinging. Ong....maweh gandrung...Ong.(lampiran / data 26).

Wonten ing ukara inggil wonten tetembungan ‘Ong....’, menika ingkang dipunwastani kobangan. Kombangan menika tetembungan ingkang boten wonten tegesipun, namung dipunginakaken kangge langkung damel swasana endah saha ngresepaken.

Nilai ingkang wonten ing ing *register* kombangan inggih menika nilai estetika. Kados ingkang sampun dipunandharaken ing ngajeng bilih kombangan menika sejatosipun namung *vokal* ingkang boten wonten tegesipun. Panganggening kombangan inggih menika supados pocapan ingkang dipunginakaken dhalang langkung endah.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Saking panaliten ingkang sampun dipunlampahi babagan *register* ingkang wonten ing ringgit tiyang Sriwedari lampahan ‘Anoman Obong’, saged dipunpundhut dudutanipun inggih menika :

1. *Register* ingkang dipunpanggihaken ing ringgit tiyang Sriwedari lampahan Anoman obong wonten 10 *register*, inggih menika janturan, kandha janturan, carita, suluk, ada-ada, pathêtan, sasmitha gendhing, sasmitha dhalang, ginem, kombangan. *Register* menika dipunpanggihaken miturut kaliyan teori pedalangan klasik.
2. *Register* menika beda kaliyan ingkang dipunginakaken ing ringgit kulit, amargi ing ringgit tiyang menika dhalang namung dados miwiti carios, dados ingkang dipunpocapaken dhalang ugi winates. Perkawis menika dadosaken *register* ingkang dipunginakaken ugi namung dipunsigeg manut kaliyan kabetahan. Beda menawi wonten ing ringgit kulit ingkang pocapanipun kathah, wosing *register* ugi kathah.
3. Basa ingkang dipunginakaken ing *register* menika beda kaliyan basa padintenan, amargi gayut kaliyan pananggening basa ing pagelaran ingkang kedah endah saha sae. Awit saking menika basa ingkang dipunginakaken inggih menika basa kawi utawi basa endah. Basa-basa ingkang dipunginakaken wonten ing *register* menika dipunpendhet saking basa jawi

kina utawi saking suluk-suluk ingkang dipunanggit dening para sepuh jaman rumiyin.

4. Janturan, kandha janturan, ginem carita menika gadhah ancas kangge nyariosaken menapa ingkang sampun dipungelar wonten ing kelir utawi panggung. Sulukan, ada-ada, pathêt, kombangan menika *vokal* saking dhalang ingkang gadhah ancas kangge damel swasana saha nyengkuyung swasana ingkang sampun dipunbabar ing kelir utawi panggung. Sasmitha gendhing kaliyan sasmitha dhalang menika kangge tandha dhumateng niyaga utawi waranggana kanthi ancas tartamtu.
5. Wonten panaliten menika dipunpanggiaken 3 nilai saking pannganggening register ringgit, inggih menika nilai moral, nilai budaya, saha nilai estetika. Ingkang kathah dipunpanggiaken inggih menika nilai estetika awit sejatosipun register ing inggil menika wonten amargi kangge langkung dadosaken ringgit menika tontonan ingkang endah.

B. Implikasi

Kanthi wonten panaliten babagan register menika, dipunajab saged dados pangertosan kangge para siswa babagan ringgit, mliginipun ringgit tiyang Sriwedari. Awit sakmenika kathah para mudha ingkang kirang mangertos babagan ringgit, kanthi wonten panaliten menika siswa saged sekedhik mangertosi ringgit mliginipun babagan register.

C. Pamrayogi

1. Wonten ing panaliten menika namung register babagan catur utawi pancelathon ing ringgit tiyang, taksih kathah register ingkang dereng

dipuntaliti. Tuladhanipun ing gerakipun, ing pementasanipun menika saged dados obyek panaliten ingkang saged dipuntaliti maleh. Kanthi kathah panaliten ingkang dipuntindakaken, dadosaken ringgit tiyang menika langkung gampil dipungladhi saha dipunmangertosi.

2. Panaliten babagan register ringgit ingkang sampun wonten inggih menika ringgit kulit saha ringgit tiyang menika, kamangka taksih kathah jinising ringgit ingkang ngrembaka wonten ing laladan nuswantara, kadasta ringgit krucil, ringgit gedog, ringgit beber, saha ringgit sanes ingkang dereng dipuntaliti bab register ingkangdipunginakaken. Saksanesipun jinis ringgit ing inggil ugi sakmenika wonten ringgit *kreasi baru*, utawi ringgit ingkang boten manut pakem. Menika ugi saged dipundadosaken obyek saking panaliten.
3. Dhumateng para anem utawi piyantun sakmenika kedahipun purun nggladhi dhumateng kesenian tradisional Jawi mliginipun ringgit tiyang menika. Awit sakmenika kesenian ringgit tiyang sampun mrihatosaken babagan lestantunipun. Kathah tiyang anem ingkang boten kersa nggladhi babagan kesenian.

Kapustakan

A. Pustaka

- Chaer, Abdul. Leoni Agustina. 2004. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Darji, Darmodiharjo Sidharta. 2010. *Pokok-Pokok Filsafat Hukum*. Jakarta: Gramedia Utama.
- Fasold, Ralph. 2003. *The sociolinguistics of Language*. USA: Blackwell Publishers Inc.
- Haryanto,S. 1988. *Pratiwimba Adiluhung, Sejarah dan Perkembangan Ringgit*. Jakarta: Djambatan Anggota IKAPI.
- Holmes, Janet. 1992. *An Introduction to Sociolinguistics*. New York : Longman Publishing.
- Hudson, R.A. 1995. *Sosiolinguisti'*. Jakarta : Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- J.K.Chambers. 1995. *Sociolinguistics theory*. USA : Blackwell Publishers Inc.
- Koentjaraningrat. 1987. *Kebudayaan, Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta : PT Gramedia.
- _____. 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta : PT Rineka Cipta.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta : PT Tiara Wacana.
- Liang Gie, The. 1982. *Dari Administrasi ke Filsafat*. Yogyakarta: Super Sukses.
- Mardiatmadja. B.S 1986. *Tantangan Dunia Pendidikan*. Yogyakarta: Kanisius.
- Marimbi, Hanum. 2009. *Sosiologi dan Antropologi Kesehatan*. Yogyakarta: Nuha Medika.
- Mudjanattistomo, R.M. 1977. *Pedhalangan Ngayogyakarta jilid I*. Ngayogyakarta: Yayasan Habirandha.
- Mulyono, Sri. 1983. *Simbolisme dan Mistikisme Dalam Ringgit*. Sebuah Tinjauan Filosofis. Jakarta: Gunung Agung.

- Nababan, P.W.J. 1991. *Sosiolinguistik : Suatu pengantar*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Nurhayati, Endang. 2009. *Sosiolinguistik Kode Tutur dalam Ringgit Kulit*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Pateda, Mansoer. 1987. *Sosiolinguistik*. Bandung: Penerbit Angkasa.
- Poerwadarminta, W.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: Groningen.
- Soedarsono, R.M. 2000. *Wayang Wong Gaya Yogyakarta*. Yogyakarta: Tarawang.
- _____. 1990. *Wayang Wong, Drama Tari Ritual Kenegaraan di keraton Yogyakarta*. Yogyakarta: UGM Press.
- Subalidinata. R.S. 1974. *Sarining Kasusastran Jawa*. Yogyakarta: Percetakan Teladan.
- Sugiyono. 2011. *Metode Penelitian Pendidikan, Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: CV Alfabeta.
- Sumardjo, Jacob. 2000. *Filsafat Seni*. Bandung : ITB.
- Murtiyoso, H Bambang. 2007. *Teori Pedalangan, Bunga Rampai Elemen-Elemen Dasar Pakeliran*. Surakarta: Institut Seni Indonesia Surakarta.
- Taruna, Tukiman. 1987. *Ciri Budaya Manusia Jawa*. Yogyakarta: percetakan Kanisius.
- Uzey. 2009. “Macam-macam Nilai”. Dalam <http://uzey.blogspot.com/2009/09/pengertian-nilai>. diakses pada tanggal 10 April 2014 tabuh 8.59.

B. Non Pustaka

- <http://sandisanjaya.wordpress.com/2012/04/25/keindahan-dan-contohnya/> dipununggah dening Sandi Sanjaya, 25 April 2013. Dipunundhuh 10 April 2014 tabuh 9.13.
- (<http://susannoettel.wordpress.com/2013/06/12/variasi-sosial-penggunaan-bahasa-register/>). Dipunundhuh dinten Selasa, 10 Juni 2014 tabuh 21.43.

<http://adianlangge.blogspot.com/2013/05/pengertian-konsep-nilai-dan-sistem.html>
dipunundhuh Senin, 16 juni 2014 tabuh 14.51.

<http://nugzz.blogspot.com/2010/12/afiksasi.html> dipunundhuh dinten Rabu, 18
juni 2014.

LAMPIRAN

Lampiran Register Ringgit Tiyang Sriwedari Lampahan ‘Anoman Obong’

No	konteks	Data	Wujud Register										Ancas	Nilai			Katrangan
			J	KJ	C	A	S	P	SG	SD	G	Ko		M	B	E	
1	Pocapan dhalang kangge ngandharaken kahanan praja Alengkadiraja	Hanenggih minangka purwakaning kandha, satuhu gumelaring Nagri Ngalengkadiraja	✓										Kangge ngandharaken jejer ingkang sepisan			✓	1. Wonten nalika jejer sepisan 2. Ngandharaken kahananing carios kanthi <i>detail</i>. 3. Dipuniringi gamelan rep utawi alon. 4. Ngewrat nilai estetika amargi katitik saking tembung anenggih (tembung nenggih dipunwuwuhi ater-ater'a')
2	Pocapan dhalang kangge ngandharaken kahananipun Dewi Shinta ing taman Argasoka	Inkang ing taman Argasoka lah menika tha sang wanodya kang sesilih Rekyan Shinta kang wus kacidra dening risang Dasamuka.		✓									Kangge ngandharaken jejer ingkang saklajengipun utawi carios enggal kanthi dipuniringi gamelan.			✓	1. kangge ngandharaken jejer kaping kalih saha saklajengipun. 2. Ngandharaken perkawis ingkang dados wosing carios 3. Dipuniringi gamelan rep utawi alon. 4. Ngewrat nilai budaya awit ngetingalaken budaya Jawi jaman rumiyin.

No	konteks	Data	Wujud Register										Ancas	Nilai			Katrangan
			J	KJ	C	A	S	P	SG	SD	G	Ko		M	B	E	
3	Pocapan dhalang kangge ngandharaken kahananipun Dewi Shinta ing taman Argasoka boten kanthi gegambaran ing kelir	Kocap tan kadhi wonten ing taman Argasoka, sang Dyah Ayu Rekyan Shinta kahadhep Dewi Trijatha tansah manglipur driya			✓								Ngandharaken carios enggal boten dipuniringi gamelan			✓	1. Ngandharaken carios ingkang badhe dipungelar inggih menika carios ing taman Argasoka. 2. Nalika carita, panggungan dipuntutup geber. 3. Migunakaen dhodhogan banyu tumetes 4. Ngewrat nilai budaya awit ngetingalaken budaya Jawi jaman rumiyin
4	Pocapan dhalang nyariosaken Prabu Dasamuka ingkang badhe mrepeki Dewi Shinta	Wanci dalu sang Prabu Dasamuka arsa mrepeki sang Dyah Hayu wara Sinta. Sinigeg gantio kang kinocap ing mangkono wahyaning kang gara-gara			✓											✓	1. Ngandharaken carios Prabu Dasamuka badhe mrepeki Dewi Shinta . 2. Nalika carita, panggungan dipuntutup geber. 3. Migunakaen dhodhogan banyu tumetes 4. Ngewrat nilai estetika awit migunakaken ‘arsa’, ‘sinigeg’

No	Konteks	Data	Wujud Register										Ancas	Nilai			Katrangan
			J	KJ	C	A	S	P	SG	SD	G	Ko		M	B	E	
5	Pocapan dhalang kangge nyariosaken kahananing Prabu Dasamuka nalika paring dhawuh.	Dedek adek ngaluhur, dhasar gagah badanipun. Kanjeng Sri Narapati dada kang abawa ratu gung agung kang maweh atur				✓							Ngandharaken menawi kahanan semangat, greget, sereng, duka.			✓	1. Pocapanipun nalika gamelan suwuk. 2. Dipuniringi gender, kempul, gong 3. Nilai ingkang kawrat inggih menika nilai estetika, katitik saking panganggening purwakanthi swara ‘ <i>dedek adek ngaluhur, dhasar gagah badanipun</i> ’.
6	Pocapan dhalang nalika pungkasaning gara-gara.	Wijiling kang katon lir gonjinging. Oooong....maweh gandrung...Ooong				✓										✓	Nilai ingkang kawrat inggih menika nilai estetika, katitik saking panganggening pepindhan ‘ <i>lir gonjinging</i> ’.
7	Pocapan dhalang kangge nyariosaken kahanan sereng nalika Prabu Rahwana mrepeki Dewi Shinta ing taman Argasoka	Sigra bala kang tumingal acampuh samya medali. Lir thathit wileting gada Oooooong....				✓										✓	Nilai ingkang kawrat inggih menika nilai estetika, katitik saing panganggening pepindhan ‘lir thathit wileting gada’.

No	konteks	Data	Wujud Register										Ancas	Nilai			Katrangan
			J	KJ	C	A	S	P	SG	SD	G	Ko		M	B	E	
8	Pocapan dhalang nalika Prabu Rahwana sampun medal saking taman Argasoka.	Lir sat padengsun tumiling mangulati puspita kang medem endah kang warni kang midering taman				✓										✓	Nilai ingkang kawrat inggih menika nilai estetika, katitik saing panganggening pepindhan' <i>Lir sat padengsun tumiling mangulati puspita...</i> '
9	Pocapan dhalang nalika Anoman badhe damel risak nagari Alengkadiraja	Tan samar pamoring suksma, sinuksmaya winahya ing asepi sinimpen telenging kalbu				✓										✓	1. Wonten ing ada-ada menika migunakaken basa bregas, kadosta kalbu.mboten migunakaken manah kamangka sejatosipun sami tegesipun. 2. Migunakaen purwakanthi lumaksitha 'tan samar pamoring suksma, sinuksmaya winahya ing asepi
10	Pocapan dhalang nalika Anoman aben ajeng kaliyan prajurit Alengka. Kanggengeting alaken migunakaken ada-ada sereng	Sigra kang bala kang tumingal apadiro napsu tanpa karya				✓										✓	migunakaken tembung ingkang bregas 'sigra'.

No	konteks	Data	Wujud Register										Ancas	Nilai			Katrangan
			J	KJ	C	A	S	P	SG	SD	G	Ko		M	B	E	
11	Pocapan dhalang nalika Raden Indrajit majeng perang kaliyan Anoman	Lir bang sadaya sajroning pura				✓										✓	Migunakaken pepindhan ‘ <i>lir bang sadaya sajroning pura</i> ’.
12	Pocapan dhalang nalika jejer pasewakan jawi, Prabu Rahwana dipunadep para wadya raseksa.	Sigra cancut nariming kalbu budining kang den bawani. O...ponang dian sansaya ngajaping pati.				✓										✓	Wonten ing ada-ada menika migunakaken basa bregas, kadosta <i>kalbu</i> .mboten migunakaken manah kamangka sejatosipun sami tegesipun
13	Pocapan dhalang nalika para wadya raseksa badhe atur dhateng Prabu Rahwana.	Gonjing langit kelap-kelap lir kinincanging risang maweh gandrung				✓										✓	Nilai ingkang kawrat inggih menika nilai estetika, katitik saing panganggening pepindhan ‘ <i>lir kinincanging risang maweh gandrung</i> ’
14	Pocapan dhalang nalika Prabu Rahwana duka mangertosi wonten ingkang damel risak nagari.	Duka yayah sinipi, kerot-kerot ponang waja O...denya lena praptu cidra wadana bang wora waribang				✓										✓	Nilai ingkang kawrat inggih menika nilai estetika, katitik saing panganggening pepindhan ‘ <i>wadana bang wora waribang</i> ’

No	konteks	Data	Wujud Register										Ancas	Nilai			Katrangan
			J	KJ	C	A	S	P	SG	SD	G	Ko		M	B	E	
15	Pocapan dhalang nalika Anoman dipunsowanaken wonten ngarsanipun Prabu Rahwana.	Dada montap lir ginetap, wadana nira bang kabrangat dahana				✓										✓	Nilai ingkang kawrat inggih menika nilai estetika, katitik saing panganggening pepindhan ‘ <i>lir ginetap, wadana nira bang kabrangat dahana</i> ’.
16	Pocapan dhalang nalika Raden Wibisana mrepeki Anoman ingkang sampun kapikut dening Raden Indrajit.	Kaget sang guru kula kadya kang angemu dosa sangati				✓										✓	Nilai ingkang kawrat inggih menika nilai estetika, katitik saing panganggening pepindhan ‘ <i>kadya kang angemu dosa sangati</i> ’
17	Pocapan dhalang nalika bibar jejer sepisan kangge ngandharaken kahanan swasana dalu	Saya dalu araras abyor kang lintang kumedap. Titi sunya tengah wengi lintang gandaning puspita kang renganing pudyanira					✓									✓	1. Pocapanipun nalika gamelan suwuk 2. Dipuniringi gender, suling, gambang, kempul, gong. 3. Nilai ingkang kawrat inggih menika nilai estetikakatitik migunakaken, puspita. Boten migunakaken tembung sekar, utawi kembang.

No	konteks	Data	Wujud Register										Ancas	Nilai			Katrangan
			J	KJ	C	A	S	P	SG	SD	G	Ko		M	B	E	
18	Pocapan dhalang kangge ngandharaken kahananing Dewi Shinta ingkang dipuncidra dening Rahwana. Dewi Shinta tansah tintrim amargi pisah saking garwanipun.	Surem surem dewangkara kingkin lir manguswa kang layon, denya ilang memanise wadananira layu kumel kucem rahyo maratani. O....					✓									✓	Nilai ingkang kawrat inggih menika nilai estetika, katitik saing panganggening pepindhan ‘ <i>lir manguswa kang layon</i> ’
19	Pocapan dhalang nalika Anoman dugi dhateng taman Argasoka minangka duta saking Prabu Ramawijaya	Myat langenging kangyan aglar panda muncar. Tinon lir gegonang surem sorote tan padhang. Kasorlan pajar ing purnameng gegana						✓								✓	1. Pocapanipun dhalang nalika gamelan suwuk. 2. Dipuniringi kaliyan gender, rebab, suling, gambang, kempul, gong. 3. Nilai ingkang kawrat wonten <i>register</i> inggih menika nilai estetika, katitik saking panganggening pepindhan ‘<i>tinon lir gegonang surem sorote tan padhang</i>’.

No	konteks	Data	Wujud Register										Ancas	Nilai			Katrangan
			J	KJ	C	A	S	P	SG	SD	G	Ko		M	B	E	
20	Pocapan dhalang nalika bikak gara-gara, migunakaken langgam nusul.	Gelo kae nusul, desal desel jowal jawil, padune emoh ditinggal, andek puna sengal sengil, sumbar-sumbar jaluk pegat, ora urung kinthil-kinthil.							✓							✓	1. Menika bawa saking tembang langgam kanthi irah-irahan nusul. 2. Kangge tandha para niyaga kedah samapta nyekaraken langgam 'nusul'
21	Pocapan punakawan kangge miwiti tembang Bengawan Solo	Bengawan Solo dados..							✓							✓	Menika kangge tandha miwiti tembang langgam kanthi irah-irahan 'Bengawan Solo'
22	Pocapan punakawan kangge miwiti tebang sambel kemangi	Sambel kemangi dados..							✓							✓	Menika kangge tandha miwiti tembang langgam kanthi irah-irahan 'Sambel Kemangi'
23	Pocapan Prabu Rahwanaraja nalika bebujuk Dewi Shinta migunakaken bawa sekar Menika.	Nimas ayu garwaning wang..							✓							✓	Menika kangge tandha miwiti tembang kasmara.

No	Konteks	Data	Wujud Register										Ancas	Nilai			Katrangan
			J	KJ	C	A	S	P	SG	SD	G	Ko		M	B	E	
24	Pocapan dhalang kangge tandha badhe gara-gara.	<i>Sinigeg gentio kang kinocap ing mangkono wahyaning kang gara-gara</i>								✓						✓	1. Menika minangka tandha dhateng niyaga saha waranggana bilih sampun ngancik titiwancinipun gara-gara. 2. Nilai ingkang wonten inggih menika nilai estetika katitik saking panganggening tembung ‘ <i>wahyaning kang gara-gara</i> ’.
25	Pacelathon antawisipun Rahwana kaliyan para kadang babagan tumindakipun ingkang sampun nyidra Dewi Shinta.	<i>Wibisana: ...sampun ngantos nindakaken pakaryan ingkang damel asor panjenengan...</i> <i>Rahwana: Wis tak petung untung rugine aku ndusta Shinta, dadi ojo kuwatir</i>									✓			✓			1. Menika pacelathon Prabu Rahwana kaliyan Raden Wibisana. Prabu Rahwana boten midangetaken pamanggih saking para kadangipun. 2. Wonten ing register menika wonten nilai moral, inggih menika patrap ingkang boten sae saking Rahwana. Patrap sombong, ngendhelaken kasektenipun saha boten midangetaken sedaya pamrayogi saking kadangipun.

No	Konteks	Data	Wujud Register										Ancas	Nilai			Katrangan
			J	KJ	C	A	S	P	SG	SD	G	Ko		M	B	E	
26	Pocapan dhalang kangge nambah regenging swasana.	<i>Wijiling kang katon lir gonjinging. Oooong....maweh gandrung...Ooong ..</i>										✓				✓	1. Pocapan kados kombang saha mboten wonten tegesipun (mbrengengeng) 2. Nilai ingkang kawrat inggih menika nilai estetika, awit ancas saking kombangan menika kangge langkung ngresepaken swasana

Katrangan

J	: Janturan	P	: Pathetan
KJ	: Kandha Janturan	SG	: Sasmita Gendhing
C	: Carita	SD	: Sasmitha Dhalang
A	: Ada-ada	G	: Ginem
S	: Suluk	K	: Kombangan